O’zbekistan Respublikası xalıq ta’lim wa’zirligi

No’kis ma’mleketlik pedagogikalıq institutı

Mektepke shekemgi ta’lim kafedrası

***Seytmuratova Gulmira Muratbaevna***

Pedagogika fakulteti

Mektepke shekemgi ta’lim ha’m balalar sportı ta’lim bag’darinin’ 4 kurs talabası

# PİTKERİW QA’NİGELİK JUMISI

Tema: *Balalardın` mektepke tayarlıq da`rejesin diagnostika etiwde qollanılatug`ın metodikalardın` a`hmiyeti*

NO’KİS - 2013 jıl

M a z m u n i


Kirisiw………………………………………………………………….. 3

I.Bap. Balalardın’ mektepke tayarlıq sıpatın’ asırıwdın’ maqset ha’m wazıypaları.

I.1 Mektepke shekemgi jastag’ı balalardın psixikalıq rawajlanıw o’zgesheliklerin diagnostikalaw.......................................................... 10

I.2 Mektepke tayarlıq da’wirinde balalardın’ dıqqat ha’m oylaw psixikalıq protsesslerinin’ a’hmiyeti.......................................................... 18

I.3 Balalardı diagnostika qılıw mashqalaları ha’m imkaniyatları............... 25

II. Bap. Balalardın` mektepke tayarlıq da`rejesin diagnostika qılıwda paydalanatug’ın metodikalar ha’m olardı qollanıw usılları

II.1.Ereseklerdin’ balalarg’a bolg’an mu’na’siybeti diagnostikası…... 30

II. 2. «Sottsiometriya» metodikası………………………………….. 39

II. 3. «Klassifikatsiyalar» metodikası………………………………… 43

Jiwmaqlaw.......................................................................................... 53

Paydalang’an a’debiyatlar.................................................................... 57

Qosimsha............................................................................................ 58

# K i r i s i w

*«…o’sip kiyatırg’an jas a’wlad haqqında g’amxorlıq etiw,*
*saw-salamat, ha’r ta’repleme jetik bolıp,*
*u’ylesip rawajlang’an insandı ta’rbiyalawg’a umtılıw*
*- bul bizin’ milliy sıpatımız»*
İ.Karimov.

***Temanın’ aktuallılıg’ı:*** Elimizdin’ rawajlanıwı ushın bu’gingi jas a’wladqa ha’r ta’repleme teren’ bilim beriwde keleshek ja’miyetmizdin’ tiykarın salıwshı, ha’r ta’repleme garmonikalıq rawajlang’an, bilimli milliy a’wladtı ta’rbiyalaw - rawajlang’an demokratiyalıq ma’mleketler da’rejesine erise alatug’ın, adamlar menen qarım-qatnas jasap birge islesiwge ha’m olardı tu’siniwge uqıplı, joqarı da’rejeli bilimge iye, a’dep-ikramlı, aqıllı, ma’deniyatlı, ruwxıy bay, ja’miyet ag’zaları menen ta’miyinlewge bag’darlap du’zilgen u’zliksiz bilimlendiriwdin’ baslı maqseti bolıp tabıladı. Sebebi, bu’gingi baqshamızdın’ ta’rbiyalanıwshıları keleshekte Respublikamızdın’ kelbeti, erten’gi ku’ni bolıp tabıladı.

A’lbette, ha’r bir adam keleshek a’wladımız bolg’an jaslar bilimli, a’dep-ikramlı, ruwxıy bay pazıyletlerge bo’lengen, ma’deniyatlı ha’m ha’r ta’repleme rawajlang’an bolıwı ushın ol en’ birinshi gezekte ana tilinde erkin, ma’deniyatlı, taza so’ylep ha’m durıs oqıp biliwi tiyis. Sonda ol du’nya ju’zlik ko’lemdegi ma’mleketlik bilimlendiriw standartı da’rejesindegi bilimler ko’lemine iye bola aladı. Bul wazıypalardın’ en’ juwapkerli bir tarawı - bul baqshada balalardı sapalı etip oqıwg’a, jazıwg’a u’yretiw, o’z xalqımızdın’ u’rp-a’detleri, da’stu’rleri, a’dep-ikramlılıq ha’m ruwxıy ta’rbiya boyınsha saqlang’an qadriyatları tiykarında ta’lim-ta’rbiya beriw - tiykarg’ı wazıypalardın’ biri bolıp esaplanadı.

Sawat ashıw da’wirinde ha’m oqıwg’a u’yretiwdin’ en’ tiykarg’ı wazıypası - balalardı oqıw, jazıwg’a u’yretiw, olardın’ tilin ha’m oy-o’risin rawajlandırıw, en’ da’slepki durıs oqıw ha’m jazıw ko’nlikpelerin payda etiw bolıp esaplanadı. A’debiy til normalarına tiykarlanıp, balalardın’ su’wretler boyınsha ga’p qurap u’yreniwi, olardın’ ma’deniy so’ylew tilin ha’m ko’nlikpelerin rawajlandıradı.

Ayrıqsha, bu’gingi ku’nde mektepke shekemgi jastag’ı balalarg’a ta’lim-ta’rbiya beriw, olardı ha’r ta’repleme rawajlandırıw bu’gingi ku’nnin en’ baslı wazıypası bolıp otır. O’ytkeni, mektepke shekemgi ta’lim-ta’rbiya bilim alıwdın’ tiykarg’ı fundamenti bolıp xızmet atqaradı.

Balalardın’ ha’r ta’repleme o’sip u’lkeyiwi ushın ta’lim ta’rbiyanın’ ta’sirli bolıwı, jan’a pedagogikalıq texnologiyadan paydalanıw, metod ha’m usıllardı oqıw ha’m ta’rbiya protsessine ken’ tu’rde engiziw og’ada a’hmiyetli.

Usıg’an baylanıslı, mektep ha’m balalar baqshalarında oqıw ha’m ta’lim-ta’rbiya beriwdin’ jan’a bag’darlamaları, ma’mleketlik talapları, mektepke shekemgi jastag’ı balalardın’ ta’lim-ta’ribyası kontseptsiyası islenip shıgeıldı ha’m onı bu’gingi ku’nde oqıw protsessinde ken’ tu’rde qollanılıp atır.

Pedagog ha’m psixologlardın’ izertlewinshe, balalardı tarbiyalaw bir maqsetke bag’darlangan bolıwı, jan’a wazıypalardı a’melge asırıw, mektepke shekemgi ta’lim ta’rbiya bag’darlaması tiykarında orınlanıw za’ru’r ekenligin ko’rsetedi.

Sebebi, balanın’ mektepke shekemgi jas dawiri balalardın’, psixikalıq jaqtan rawajlanıwının’ en’ a’hmiyetli da’wiri bolıp tabıladı.

Sonlıqtan, tolıq rawajlang’an insandı ha’r ta’repleme jetilisitiriw tiykarg’ı maqset bolıp, ta’lim ta’rbiya beriwde ha’r qıylı sabaq formaların sho’lkemlestiriw og’ada a’hmiyetli bolıp esaplanadı.

Ma’mleketimizdin’ ga’rezsizlikke erisiwi, ayrıqsha bilimlendiriw tarawında tu’pkilikli o’zgeristi talap etti. O’ytkeni, «Erkinlik» so’zinin o’zi ta’lim-ta’rbiya jumıslarında xa’r bir jas a’wladtın’ erkin o’siwi ha’m rawajlanıwına, psixologiyalıq jaqtan ko’z-qarasların ha’r ta’repleme jetilistiriwge mu’mkinshilik jaratıw za’ru’rligin ko’rsetedi.

Ayrıqsha, mektepke shekemgi jastag’ı ha’m balalardı mektepke tayarlaw dawiri ta’rbiyashı ha’m pedagog-psixologlardan u’lken tayarlıqtı talap etedi. Sebebi, birinshi gezekte balada mektepke barıw tilegin oyatıw, qızıgıu’shılıg’ın arttırıw, bilim ha’m ta’rbiyanın’ qızıqlı ta’replerin balag’a u’yretiw ta’rbiyashının’ baslı wazıypası bolıp tabıladı.

Usıg’an baylanıslı, balanın’ psixologiyasın, erkin pikir bildiriw ha’m oylaw qa’biletin’ rawajlandırıw boyınsha psixologiya klassikleri L.İ. Vıgotskiy, S.L.Rubinshteyn, L.İ.Bojovich islep shıqqan metodikalıq usılı, sonday-aq K.Rodjers, A.Masloudın’ gumanistlik psixologiyası printsipleri, V.Frankldin ekzistentsial psixologiyası, insan psixologiyasındag’ı o’zgerisler menen rawajlanıw protsesslerine tiykar salg’an ha’m ilimiy jaqtan da’liylengen jumıslardın’ na’tiyjesi bolıp tabıladı.

İzertleu’shi-psixologlardın’ tiykarg’ı ideyaları, bala ta’rbiyası ushın juwapkershilikti moynına alg’an eresek adam bul jagdayda balalar menen qarım-qatnasta o’zin abıraylı figura sıpatın’da tutadı, balalardın’ o’zbetin’she oylaw, oqıw ha’m sheshim qabıl etiw uqıplıqlarına tolıq isenim payda etedi. Ol balalardı qanday bolatug’ın bolsa, sondaylıg’ınsha bahalaydı ha’m olardı qabıl etiwge, hu’rmetlewge ha’m qollap quwatlawg’a ılayıq dep so’zsiz isenim menen sheshim qabıl etedi. Usı mag’anada tamırı IX-XIII a’sir shıg’ıs oyanıw da’wirinede u’shlasatug’ın, Sokrat, Platon, Aristoteldin’ pedagogikalıq ideyaları Gurdishapus mektebi diywalları ishinde jan’lag’an, Xorezmde Mamun akademiyası dawirine barıp taqalatug’ın bizin’ xalqımızdın’ ruwhıy turmısındag’ı qubılıslarına mura’jat etken abzalıraq boladı. Abu Ali İbn Sino «Konunlar»ında bılay jazdı: ta’rbiyashının’ barlıq itibarı balanın’ minez-qulqın jaqsılawg’a qaratılg’an bolıwı, usı ko’z-qarastan alıp qarag’anda, bala ushın qattı g’a’zeptin’, ku’shli qorqınıshtın’, ma’miledegi u’ndemesliktin’ jat bolıwına bag’darlang’an bolıwı, sonday-aq, ol neni qa’leytug’ın ha’m nege talpınatug’ın bolsa, sonın’ mudamı ju’zege shıg’ıwı kerek ha’m ol neni jaqtırmaytug’ın bolsa, onın’ qatnasında iske asıwına jol qoyıwg’a bolmaydı. Bulardın’ ba’rinen eki jaqlama payda ko’riledi: birinshisi, en’ kishkene balalıq dawirinen bekkem xarakter qa’liplesti, ekinshisi- usınday rawajlanıw balanın’ fizikalıq rawajlanıwına unamlı ta’sir ko’rsetiwinen ibarat.

O’ytkeni, g’a’zep qattı qozdıradı, u’ndemeslik qurg’atadı, al erinsheklik turmıslıq ku’shlerdi ha’lsizlendiredi. Solay etip, onın’ a’dep-ikramlıq salamatlıg’ı da, fizikalıq salamatlıg’ı da usınday ta’rbiyag’a baylanıslı boladı.

Balanı unamsız emotsiyalardan saqlaw haqqındag'ı usı a'jayıp oylar, onın' turmıslıq ku'shlerin, a'dep-ikramlılıg'ın ha'm minez-qulqın jaqsılaw ushın tek psixologiyalıq-pedagogikalıq iskerlik ushın g'ana ko'rsetpe bolıp g'ana qalmastan, al bizin' oqıw-metodikalıq qollanbamızdın' belgili bir metodologiyalıq ma'nisin, baladag'ı po'zitivlik o'zgerislerdi, onın' nerv-psixologiyalıq statusın, tanım imkaniyatların adamlar menen ma'mile stilin, motivatsiyalıq talap o'zgesheliklerin, birinshi gezekte, bala ta'rbiyası ushın juwapkershilikti o'z moynın'a alg'an eresek adamnın' shaxsı menen belgileniwinen ibarat bolg'an bizin' oqıw-metodikalıq qollanbamızdın' metodikalıq tiykarı boldı. Ko'p sandag'ı izertlewler, sonday-aq, bizin' jumısımızdın' na'tiyjeleri ha'm ta'jiriybesi balalardın' tanım imkaniyatlarının', balanın' turmıs ha'reketshenliginin' ulıwma tabıslı bolıwının' tırnag'ı konstruktiv–nerv-psixologiyalıq sharayat ha'm emotsional satlilik bolatug'ının da'liylleydi. Solay etip, eresek adamnın' qarım-qatnası sıpatı bala shaxsının' rawajlanıwının' tiykarg'ı o'zgesheliklerin belgileydi.

Haqıyqatın'da da, bu'gingi ku'nnin' en' baslı wazıypalarının' biri jaslardı ha'r ta'repleme, o'z elinin' sadıq ha'm bilimli insanı etip ta'rbiyalaw ma'selesi bolıp tabıladı. A'sirese, bunday wazıypalardı a'melge asırıw, bilim ha'm ta'rbiya beriwdin' tiykarg'ı fundamenti bolg'an mektepke shekemgi jas da'wirindegi balalardı ta'rbiyalawshı pedagoglar, psixologlar ha'm ta'rbiyashılardın' en' tiykarg'ı xızmeti bolıp esaplanadı. Sebebi, balalar baqshısındag'ı mektepke shekemgi jas dawir balalardın' en' sapalı ha'm ta'sirli bilim ha'm ta'rbiya alıwındag'ı en' tiykarg'ı dawirdi o'z ishine aladı. Demek, mektepke shekemgi jastagı balalardın' ha'r ta'repleme bilim ha'm ta'rbiya alıwında, balalardın' bilim da'rejesin ha'r ta'repleme jetilistiriwde metodikalıq oyınlardın' a'hmiyeti og'ada ullı.

Mektepke shekemgi ta'rbiya mekemelerinde balalardın' turmısın mazmunlı etip sho'lkemlestiriw, olardın' waqıtların paydalı ha'm qızıqlı etip, olardın' erkin pikirlewin rawajlandırıw, olardı fizikalıq jaqtan rawajlandırıw, olardı u'lkenler miyneti menen tanıstırıw, olardın' do'retiwshiligin rawajlandırıw ushın

sharayatlar jaratıw ta’rbiyashı-pedagoglardın’ aldında turg’an a’hmiyetli washıypalardın’ bir bolıp esaplanadı.

Ha’r ta’repleme rawajlang’an insandı ta’rbiyalaw xalıq pedagogikasının’ bay ta’jriybelerinin’, sonday-aq ta’lim-ta’rbiyanın’ jan’a forma ha’m usılların ha’zirgi zaman pedagogika iliminin’ jetiskenliklerin engiziw, bular arqalı balalarda qızıg’ıwshılıq oyatıw, o’z betinshe do’retiwshilik miynetke, a’dep-ikramlılıqqa ta’rbiyalaw ja’ne de olardı ha’r ta’repleme rawajlandırıw bizin’ baslı maqsetimiz.

Demek, ta’rbiyashının’ baqshada balalar menen jaqınnan qarım-qatnasta bolıp, ta’rbiya jumısların ja’ne de bekkemlew, ta’rbiyanın’ jan’asha usılların, formaların, metodların engiziw arqalı ha’m de ata-analar menen birgelikte ta’lim-ta’rbiya jumısların alıp barılsa aldıg’a qoyılg’an maqsetlerge erisiwde jaqsı na’tiyjelerge erisemiz.

Balalar baqshasının’ jumısları belgilengen nızam ha’m qag’ıydalar tiykarında sho’lkemlestiriledi. Mektepke shekemgi mekeme ma’mleketlik yamasa belgili bir mekemege qaraslı bolıwına qaramastan bilimlendiriw, den-sawlıqtı saqlaw wa’zirliginin’ shıg’arg’an instruktivlik formativlik proektte qurılıp ol sanitar gigienalıq talapqa juwap beretug’ın o’rt qa’wipsizliginen saqlawshı, o’zinin’ uchastkasına iye bolıwı ha’m topar xanaları jeterli bolıwı kerek. Mine usınday baqshasının’ balalardı ta’rbiyalawdag’ı wazıypaları to’mendegilerden ibarat:

1. Balalardın’ o’mirin qorg’aw, olardın’ den-sawlıg’ın bekkemlew;

2.Metodikalıq, gigienalıq ko’nlikpe a’detlerin qa’liplestiriw, tazalıqtı saqlawdı a’detke aylandırıw.

3. Nerv-psixikalıq jaqtan rawajlandırıw balanın’ sana-sezimin o’siriwshi, rawajlandırıwshı shınıg’ıwlardı ko’p paydalanıw.

4. İmanlı, a’dep-ikramlılıq sezimlerin du’nyag’a ta’biyatqa bolg’an su’yispenshiligin oyatıw, go’zzallıqqa bolg’an estetikalıq sezimlerin oyatıw.

5. Tuwılg’an jerine, xalqına su’yispenshilik penen ha’m xalıq milleti balalarda hu’rmet penen qarım-qatnas jasawg’a ta’rbiyalaw.

6. U’lkenge hu’rmet, kishige izzet degendey joldaslıq, sıylasıqlıq qa’siyetlerin oyatıw.

7. Ma’deniyatqa, ta’rtiplilikke, jaqsı minez-qulıqqa ta’rbiyalaw.

8. Miynetke u’yretiw.

9. Mektepte oqıwg’a tayarlaw bolıp tabıladı.

***İzertlew jumısının’ maqseti:*** Mektepke shekemgi jastag’ı balalardı mektepke tayarlawda, olardın’ jas ha’m psixologiyalıq o’zgesheliklerine qaray olarg’a qarım-qatnas jasaw, olardın’ mektepke tayarlıq da’rejesin u’yreniwde kerekli metodlardan paydalanıw, olardı mektepte oqıwg’a ruwxıy ta’repten tayarlaw, olarda ta’lim alıw ko’nlikpelerin sin’dirip barıw bolıp tabıladı.

***İzertlew jumısının’ obekti:*** XBBne qaraslı 16 sanlı balalar baqshası ta’rbiyalanıwshıları.

***İzertlew jumısının’ predmeti:*** Paydalang’an metodlar ja’redminde balalardın’ mektepke tayarlıq da’rejesin analiz etiw.

***İzertlew jumısının’ wazıypaları:***

1) psixologiyalıq izertlew ıqsham ha’m ayqın mag’lıwmatlarg’a iye bolıwı kerek;

2) psixolog konkret tapsırmanın’ usınıs etiletug’ın metodikalardan za’ru’rli bo’limin tan’lap alıw mu’mkinshiligine iye bolıwı;

3) usınıs etiletug’ın metodikalar diagnostikanı o’tkeriw ha’m alıng’an na’tiyjelerdi analizlew barısında jeke faktorlardı maksimal da’rejede esapqa alıwı;

4) Ta’rbiyashı-pedagogtın’ balalar menen psixologiyalıq ha’m pedagogikalıq qarım-qatnasta bolıwı arqalı ta’rbiya jumısların ha’r ta’repleme jetilistiriw.

5) Jan’a pedagogikalıq texnologiyanı pedagogikalıq protsesske engiziw.

6) Ta’lim-ta’rbiya beriwdin’ jan’a metod ha’m usıllarınan paydalanıw.

***İzertlew jumısının’ jan’alig’ı ha’m a’meliy a’hmiyeti:*** Mektepke shekemgi jastag’ı balalardı mektepke tayarlaw dawiri ta’rbiyashı ha’m pedagog-psixologlardan u’lken tayarlıqtı talap etedi. Sebebi, birinshi gezekte balada

mektepke barıw tilegin oyatıw, qızıgıu'shılıg'ın arttırıw, bilim ha'm ta'rbiyanın' qızıqlı ta'replerin balag'a u'yretiw ushin balalardın` mektepke tayarlıq da`rejesin diagnostika etiwde qollanılatug`ın metodikalardın` a`hmiyetin ayqinlastiriw bolip tabiladi.

***İzertlew jumısının' metodları:***

1.Ereseklerdin' balalarg'a bolg'an mu'na'siybeti diagnostikası

2. «Sottsiometriya» metodikası;

3. «Klassifikatsiyalar» metodikası

***Jumıstın' du'zilisi :***

Kirisiw, 2 bap, juwmaqlaw ha'm paydalanılg'an a'debiyatlardan turadı.

## I.Bap. Balalardın' mektepke tayarlıq sıpatın' asırıwdın' maqset ha'm wazıypaları

### I.1 Mektepke shekemgi jastag'ı balalardın psixikalıq rawajlanıw o'zgesheliklerin diagnostikalaw

Mektepke shekemgi jastag'ı balalardın' psixikasının' rawajlanıw da'rejesin u'yreniw - bul quramalı protsess bolıp tabıladı. Olardı u'yreniw barısında tek bir g'ana izertlengen parametr boyınsha juwmaq shıg'arıwg'a bolmaydı, sebebi olar bir-birine baylanıslı bolg'an parametrler jıynag'ınan juwmaq shıg'arıladı. Sonlıqtan, diagnostikalaw protsesinde balalardı ha'r ta'repleme u'yreniwge bag'darlang'an metodikalardan paydalanıp, olardın' na'tiyjelerin salıstırıp, bala haqqında bir pu'tin konkret tu'sinikke iye bolamız. Sonın' menen birge qollanılatug'ın metodikalardı durıs tan'lap ha'm qag'ıydag'a ılayıq alıp barıw u'lken a'hmiyetke iye, sebebi eksperiment o'tkerilip atırg'an waqıtta balanı sharshatıp qoymaw, onın' bul protsessten bas tartıwına jol qoymawımız kerek.

Alıng'an mag'lumatlardı analiz qıla otırıp, izertlenip atırg'an balanın' psixikasındag'ı baylanıslarg'a ayrıqsha itibar beriwimiz kerek (tu'sinik da'rejesi, biliw uqıplılıg'ı, jeke o'zgeshelikleri, basqalar menen qarım-qatnası). Usı analizler tiykarında bala haqqında psixologiyalıq xarakteristika du'zilip, ja'ne de balada ushırasıp atırg'an kemshilik ha'm artta qalıwshılıq protsessleri de belgili

bola baslaydı. Sebebi, turmısta psixologiyalıq protsesslerdin’ barlıg’ı bir-biri menen baylanıslı bolıp, olar bir-birine ta’sir etip otıradı. Mısalg’a, balanın’ oqıwg’a u’lgermewi, onın’ biliw uqıplılıg’ının’ pa’sliginen, yamasa onın’ ku’shli tın’ıshsızlanıwınan, yaki tez maslasa almawı sebebinen de bolıwı mu’mkin. O’z gezeginde balanın’ este saqlawın ha’m oylaw da’rejesin bahalay otırıp, balanın’ ayırım jeke o’zgesheligin anıqlay baslaymız.

Durıs diagnostikalaw – balanın’ psixikasındag’ı ushırasatug’ın korrektsiyalıq arttaqalıwshılıqtı u’yreniw, onın’ aldın alıw ha’m balag’a ja’rdem beriw bolıp tabıladı. Demek, psixologiyalıq xarakteristika tiykarında korrektsiya planı du’zilip, balag’a ja’rdem beriw ushın, a’piuayı kemshiliginen baslap quramalı defektlerin du’zetiw barısında jumıstın’ na’tiyjeliligine iye bolıw ushın a’piuayı testlerdi o’tkeriw qag’ıydalarına itibar beriw kerek, sebebi nemquraydılıq penen o’tkerilgen diagnostika balag’a ja’rdem beriw ornına ja’bir shegiwine alıp keledi.

İzertlew jumısları, qa’de retinde, u’lkenler menen sa’wbetlesiwden baslanadı, (ta’rbiyashısı menen, oqıtıwshısı menen, ata-anası menen) egerde olar Sizge balası tuwralı shag’ım jasap kelse. Sa’wbetlesiw waqtın’da Siz anıq olardın’ ne na’rsege kewli tolmay turg’anlıg’ın anıqlap alıwın’ız kerek.

Balanı u’yreniwde en’ da’slep onın’ sırtkı qarım-qatnasına, onın’ sol waqıttagı jagdayga reaktsiyasına itibar beriw kerek. En axmiyetlisi bala qarım-qatnas jasawg’a tayarma, onda aktiv qatnasıq barma, (mısalg’a, xanadag’ı jag’daydı u’yrenedi, oyınshıqlardı qızıg’ıwshılıq penen ko’re baslaydı x.t.b.) yamasa qozg’almastan, otırg’an jerinen qozg’almay, basqa na’rselerge alan’ bolıp otırma, yaki ayaq-qolları menen oynap otırma h.t.b. Balanın’ bunday jag’dayg’a tu’siw sebepleri, onın’ ta’shwishleniwi, o’zine itibar qaratkısı kelmegeni yamasa qorqıw sezimleri sebep bolıwı mu’mkin.

Bul faktlerdin’ ha’mmesi balanın’ psixodinamikalıq ha’m jeke o’zgesheliklerine baylanıslı. Baqlaw barısında alıng’an mag’lumatlar test na’tiyjeleri menen salıstırılıp, balanın’ intellektual tabiyatın yamasa emotsional artta qalıwshılıg’ın anıqlawg’a mu’mkinshilik beredi.

İzertlew barısında metodikalardı izbe-izlik penen almastırıp barıw kerek, sebebi tan’lang’an metodlar o’z qag’ıydalarına ha’m bag’darına iye bolıp, balanın’ este saqlap qalıw da’rejesin, oylaw, qabıl etiw da’rejesin anıqlawg’a h.t.b. bag’darlang’an boladı.

Diagnostikalawdı da’slep su’wret salıwdan baslaw usınıs etiledi (erkin ha’m berilgen tapsırma boyınsha), sebebi balanı izertlew potsesine kirisiw ha’m u’yrenisiwi ushın waqıt esabında. Keyin ala jag’daydı jan’alaw maqsetinde bala menen izertlew jumısların o’tkerip atırg’an psixolog arasında qatnas bola baslaydı. Bunnan keyin  izbe-izlik saqlanıp, izertlew jumısların bir waqıtta ha’mmesin emes, al bir qansha shınıg’ıwlar barısında o’tkerilse, go’zlegen maqsetke erisiwge boladı.

Diagnostika o’tkeriw barısında jaqsı na’tiyjelerge erisiw ushın bir qansha qag’ıydalar usınıs etiledi:

1. Ha’r qanday metodika o’tkeriliw qag’ıydalarına qaray, izertlewdin’ tek bir ta’repine (balanın’ qabıl etiwin anıqlawg’a, onın’ dıqqatın, este saqlap qalıwın, oylaw da’rejesin h.t.b.) bag’darlang’an boladı. Sonlıqtan da balag’a ulıwma psixologiyalıq xarakteristika beriw ushın keminde ha’r qıylı 10-15 tu’rdegi testten paydalanıw kerek.

2. A’lbette, o’tkeriletug’ın metodikanı o’tkeriw qagıydasına u’lken itibar beriw kerek. Sebebi, qagıydası boyınsha  o’tkerilmegen metodika, tapsırmanın’ mazmunın ha’m Sizge kerek mag’lumattın’ na’tiyjesin o’zgertip jiberiwi mu’mkin.

3. Ha’r bir o’tkeriletug’ın metodika balalardın’ belgili jas o’zgesheliklerine arnalg’anlıg’ın umıtpan’. Sonlıqtan, Siz izertlep atırg’an balanın’ jası o’tkeriletug’ın metodikag’a sa’ykes bolıwı kerek. Bunnan basqa da metodlardı ha’r tu’rli jastag’ı toparlarda o’tkeriw mu’mkin, biraq bunday jag’daylarda qag’ıydag’a boysıng’an halda tarqatpa materiallardı balalardın’ jasına qaray qollanıwın’ız kerek boladı.

4. Siz diagnostikalaw arqalı alg’an mag’lumatların’ız ha’r tu’rli jastag’ı balalarda birdey ko’rsetkishke iye bolmaydı. Sonlıqtan mag’lumatlar

interpretatsiyasına itibar berin’, a’lbette olardı sol jasqa tuwra keletug’ın normativ ko’rsetpeler menen salıstırın. Ja’ne de sonı este saqlaw kerek, bir metodika boyınsha alıng’an mag’lumatta balanın’ ko’rsetkishi joqarı yamasa to’men bolsa, onı arttaqalıwshılıqka yamasa asa ziyrek balag’a shıg’arıp qoyıwg’a da bolmaydı. Bunın’ ushın o’tkerilgen barlıq metodikalardın’ juwmaqların salıstırıp, bir juwmaq shıg’arıw tiyis.

5. Ko’plegen metodikalarda arnawlı «stimullı materiallardı» balag’a usınıw tiyis boladı, yag’nıy kartochkalar, tekstler, kartinkalar h.t.b. Bul jerde de itibarg’a iye na’rse, ha’mme metodikalar o’zlerinin’ qag’ıydaları boyınsha o’tkeriliwi tiyis, egerde qag’ıyda boyınsha o’tkerilmese, siz basqasha mag’lumatka iye bolasız

6. O’tkerilgen metodikalar boyınsha analiz qılıw subektivlik ha’m obektivlik bolıp bo’linedi. Olardın birewleri, juwaplardan toplang’an ballar menen esaplanatug’ın na’tiyjenin’ da’l giltin beredi, al birewleri sanlıq emes al sapalıq interpretatsiyanı beredi. Bul metodikalar menen islew qıyınıraq bolsa da, balanın’ psixologiyalıq jag’dayı haqqında a’hmiyetli mag’lumat beredi. Degen menen de, jumıs barısında alıng’an mag’lumatlardı baska alıng’an testlerdin’ na’tiyjeleri menen salıstırıw kerek boladı.

7. Sol na’rsege itibar berin’, balanı hesh waqıtta ma’jburlewge bolmaydı, yag’nıy onın’ qa’lewisiz diagnostikalaw jumısların alıp barıwda ku’tilgen na’tiyjege erise almaysız. Ja’ne de sol narse yadınızda bolsın, bala siz onı tekserip atırg’anızdı yamasa izertlep atırg’anızdı sezbegeni maqul, bolmasa bul jag’day balanın’ ha’mme sezimlerin o’z ishine qamtıp alıwına alıp keledi, yamasa bala sizge durıs juwabın aytpaydı. Metodikalardı o’tkeriw barısında jaqsı na’tiyjelerge erisiw, sol metodikanın’ qag’ıydasın balalarg’a jaqsı tu’sindiriw de u’lken a’hmiyetke iye boladı. İzertlew jumısları barısında balalar menen birgelikte oyın o’tkeriw arqalı da balanı u’yreniwge boladı. Bunın’ ushın balanın’ dıqqatın’ ja’mlep, oyınnın’ qag’ıydasın jaqsı tu’sindirip, bala ushın qızıqlı oyın bolıwı kerek (bala oyınnın’ jartısında zerigip, yamasa tu’sinbegenliginen taslap ketpewi kerek).

Demek, balalar psixologiyasın u'yreniw juda kuramalı protsess bolıp, pedagog-psixologtan kop izleniushilikti, talapshanlıqtı ha'm miyirbanlıqtı talap etedi.

Balanı mektepke tayarlaw protsesinde olarda iskerliktin' jan'a tu'ri bolg'an ta'lim alıwg'a ha'm oqıwg'a ishteyin oyatıw lazım. Bul orında balalardı ruwhıy protsesine kirisiwge tayarlaw maqsetinde da'slepki oqıw elementlerin u'yretiw lazım.

Ha'r qanday y jaslı bala mektepke qabıl etiliwi mu'mkin, bunın' ushın ol fizikalıq, ruwhıy ha'mde aqılıy jaqtan bilim alıwg'a tayar bolıwı kerek. Balalardın' mektepke tayarlaw da'rejesin anıqlawda diagnostikalıq oraylardın' juwmaqlarına tayanıw lazım. Sonın' menen bir qatarda mektep, onın' materiallıq texnikalıq bazası 6 jaslı balalarg'a bilim beriw imkaniyatına iye bolıwı sha'rt. Oqıtıwshının' pedagogikalıq-psixologiyalıq bilim da'rejesi, a'dep-ikramlılıg'ı ha'm jeke sıpatları y jaslı balalarg'a bilim ha'm ta'rbiya beriw ushın ılayıq bolg'anda, ol altı jaslı balalardı oqıtıw huqıqına iye boladı. Sonın' ushında 6-7 jaslı balalar,olardı qabıl etetug'ın mektepler ha'm de bul balalardı oqıtatug'ın oqıtıwshılar pedagogikalıq-psixologiyalıq ko'z-qarastan ayrıqsha diagnostika qılınıwı ha'm usıdan keyin oqıw protsesine kirisiwi kerek.

Joqarıda ko'rsetilgen mektepke shekemgi jastag'ı balalardın' bilim-ta'rbiyasına qoyılatug'ın ma'mleketlik talaplarg'a tiykarlang'an halda jumıs alıp barıw - bul u'zliksiz bilimnin' jan'a a'wladtı ta'rbiyalawg'a qoyılg'an baslı maqseti bolıp tabıladı.

Balalar baqshası menen mektep bilimlendiriwindegi u'zliksizlikti ta'miyinlew, mektepke shekemgi ha'm baslawısh bilim beriw sistemasındag'ı bilim ha'm ko'nlikpelerdi o'zlestirip alıwdag'ı jetiskenlik ko'pshilik jag'dayda ha'r bir balanın' balalardın' bilim, uqıp ha'm ko'nlikpelerdi iyelewi, olardın' iskerligin jedellestiriw ushın jag'day tuwdırıwg'a baylanıslı balalar baqshalarında qanday sharayatlar jaratılıwınan tikkeley baylanıslı boladı.

Baqsha menen mektep bilimlendiriwindegi u'zliksizlikti ha'm izbe-izlikti ta'miyinlew ushın tek g'ana baladag'ı jetiskenlikti anıqlap qoymastan balanın'

u'stirtin alg'an bilimin o'z waqtında sapalastırıwg'a haqıyqıy mu'mkinshilik jaratıladı. Baqsha ta'jiriybesinin' ko'rsetkenindey, balalar baqshasında ta'rbiyashılar, mug'allimler ha'm ata-analar balalarg'a bilimdi tayar tu'rinde berip, ol bilimdi o'zlestiriw protsesin tekseriwge itibar bermeydi. Balanın' u'stirtin biliminin' payda bolıwının' birden-bir sebebi, onın' ha'r hıylı pa'nlerdi u'yreniwde qızıg'ıwshılıg'ının' to'menlep ketiwi bolıp tabıladı. Sonın' menen birge bala alg'an bilimlerin ha'r qıylı waqıyalarda, mazmunda qollana alıwı menen birge ilimiy tu'siniklerdi de men'gere alıwı tiyis.

Balalar baqshalarında o'tkerilgen eksperiment jumıslarının' ta'jiriybelerinde bala sorawlarg'a juwap bere almasa, u'lkenler da'rhal ol ushın juwap beriwge asıg'atug'ınlıg'ın, olar balanın' bilip alıwına keri ta'sir jasaytug'ınlıg'ın ko'rsetedi.

Bul na'rse balanın' sırttan ja'rdem ku'tiwine isenimin ku'sheytip jiberedi. Usıg'an a'detlenip, miynet etiwdin' keregi joq, - degen tu'sinikler bala sanasında qa'liplesip qaladı. Bala u'lkenlerdin' o'zi ushın isleytug'ınlıg'ına isenip ju'redi. Bunday usıllar balanı oqıwg'a u'yretiwde jetiskenlikke erisiwdegi quwanısh sezimlerin sınap ko'riw mu'mkinshiliginen ayıradı. Demek, balanı baqsha jasınan baslap jigerlilik ha'm turaqlılıqqa, oylag'an na'tiyjelerge erisiw ushın shıdamlılıq penen miynetke u'yretiw za'ru'r. Bul na'rse balanın' bilimdi o'zlestiriw protsessinde tekseriw jumısların ku'sheytiwdin' za'ru'r ekenligin ko'rsetedi. Balag'a ja'rdem beriwden aldın ala ol ne biledi**?** Og'an qanday ja'rdem kerek**?** Tekseriwdin' qanday tu'rinen paydalanıw kerek**?** Balanın' uqıp ha'm ko'nlikpelerinin' o'siwine mu'mkinshilik jaratıw, o'z bilimine ku'shine degen isenimdi payda etiwimiz tiyis. Sebebi, jan'a bilimdi alıw talapshan'lıg'ın ha'm uqıplılıg'ın rawajlandırıw ushın balada qızıg'ıwshılıq oyatıwımız tiyis. Baqsha balalarında o'tkerilgen eksperiment jumıslarının' na'tiyjeleri bilimdi o'zlestiriw protsesinin' u'sh basqıshtan turatug'ınlıg'ın ko'rsetedi.

Birinshi basqısh**: -** balanı qorshag'an ortalıqtag'ı jan'a tu'sinikler menen tanıstırıw. Bul basqıshta balalar bag'darlama boyınsha bilim aladı. Bilim beriwden aldın bala nelerdi biledi, nelerdi bilmeytug'ınlıg'ın anıqlap alıw tiyis. Bunda baqlaw

ju’da’ za’ru’rli bolıp, balalar anıq bir mısallar tiykarında ku’ndelikli bilim alıwı kerek.

Usı tiykarda olardın’ alg’an bilimlerinde u’zliksizlik ha’m izbe-izlik printsipleri tolıq saqlanadı. Demek, baqsha ta’rbiyashısının’ wazıypası bul printsiplerdi sistemalastırıw ha’m saqlanıwın ta’miyinlew bolıp tabıladı. Bul jumıslar barısında balalardın’ bilim da’rejesi anıqlanıp, eksperiment jumıslarının’ na’tiyjelerine tiykarlang’an halda balalardı pedagogikalıq xoshametlew ku’sheytip barıladı. Xoshametlew - balalardı o’z miyneti jetiskenliklerinen la’zzet alıwg’a ha’m olardı o’zinin’ ku’shine ha’m mu’mkinshiligine isenimli bolıwg’a u’yretedi. Ma’selen, balalarg’a da’slep bir predmet usınıladı. Keyin basqa pa’nler u’yretilip, olardın’ bilim ko’nlikpeleri qa’liplestiriledi.

Balalar baqshaları menen 1-klass oqıwshıların oqıtıw barısında soraw tu’rinde testler, oyınlar, ha’r qıylı tapsırmalar beriledi. Sabaqta bala tapsırmanı orınlap g’ana qoymastan joldaslarının’ da ha’reketlerin baqlap baradı. Bul baqlaw bala ushın ziyreklik penen shaqqanlıqtı payda etedi. Eger bala tapsırmanın’ orınlang’anının’ durıs ekenin tastıyıqlap ko’rsete alsa, demek, onın’ jeke tu’rdegi tapsırmalardı orınlawg’a tayar ekenligin ko’rsetedi.

Ekinshi basqısh, baqsha balalarının’ bilimi olardın’ do’retiwshilik islerinde de ayqın ko’rinedi. Ma’selen, su’wretlew, ılaydan ha’m plastilinnen ha’r tu’rli ko’rinistegi u’lgilerdi tayarlaw, applikatsiyalıq jumıslardı orınlaw. Bunda balalar ha’r tu’rli tapsırmalardı orınlaydı. Adamnın’, haywannın’ figurasın sog’ıw, nag’ıs oyıw, ha’r qıylı geometriyalıq figuralar sog’ıwdı u’yrenedi, ha’r bir bala jeke is ju’rgizip, ulıwma ma’seleni sheshedi. Demek, bala bul jumıslardın’ na’tiyjesinde hesh kimge, hesh na’rsege eliklemew kerek ekenligin, hesh kimnen ja’rdem ku’tpew kerek ekenligin moyınlaydı. Sonlıqtan balalar o’zlerindegi bar ku’sh jigerin o’zindegi tapsırmag’a jumsap, sol istin’ na’tiyjeli shıg’ıwına tırısadı. Sınaw-ta’jiriybe jumıslarının’ ko’rsetkenindey, balalar bunday tapsırmalardı zor umtılıwshılıq penen orınlaydı. Ekinshi jag’ınan olarda bug’an qızıg’ıwshılıq ku’sheyip baradı.

Baqsha balalarının’ bilim ko’nlikpelerindegi u’zliksizlikti ta’miyinlewdin’ u’shinshi basqıshının’ tiykarg’ı bir tu’ri - bul baqlaw bolıp, bul tez ta’sir etiw jolların

anıqlaw usıllarının' biri bolıp  tabıladı. Ma'selen, balalarg'a soraw taslaw arqalı olardın' oy-pikirin ken'eytip barıw, ma'selen senin' jasın' neshede**?** Endigi jılı neshege shıg'asan'**?** h.t.b. soraw tu'rindegi ko'rgizbeli qurallardan paydalanıw ha'r qıylı predmetlerdin' sanın, tu'rin, tu'sin ayırıp biliwleri, su'wretli tekstlerdi qollanıw oyınlarının' tu'rleri menen tanıstırıw.

Balalar bilimin o'zlestiriw barısında zatlar, ta'biyat haqqında jumbaqlar, oyınlar barısında baqlaw jumısların sho'lkemlestiriw jaqsı na'tiyjelerdi beredi.

Demek, balalardın' bilimin baqlap barıw, olardın' alg'an bilimlerinin' sapalı tu'rde qabıl etiliwi, jeke do'retiwshiliginin' rawajlanıwına, yag'nıy awız-eki so'ylewde o'z pikirin anıq da'l, tu'sinikli etip aytıwg'a qızıg'ıwshılıg'ı jag'dayların, oylaw-pikirinin' teren'ligin anıqlawg'a ha'm olardı durıs jolg'a qoyıwg'a mu'mkinshilikler jaratadı. Bulardan tısqarı, baqshanın' son'g'ı toparındag'ı balalarda jaqsı ag'la qa'siyetler payda bolıp, basqalardı tın'law, biliw, tapsırmanı orınlawdag'ı juwapkershilik, ku'sh-jigerin jumsaw, a'lpayımlıqtı u'yreniw, basqalarg'a ja'rdemge keliw, joldaslarının', o'zlerinin' is-ha'reketlerin bahalaw ha'm juwmaq shıg'arıw sıyaqlı juwapkershilik sezimlerinin' rawajlang'anlıq da'rejesin baqlaw usılları ja'rdeminde u'yrenilip, bul sezimlerdin' durıs rawajlanıwı ushın barlıq ila'jlar islenedi.

## I.2 Mektepke tayarlıq da’wirinde balalardın’ dıqqat ha’m oylaw psixikalıq protsesslerinin’ a’hmiyeti

Pedagogtın’ jumısta dus keletug’ın da’slepki qıyınshılıqlardan biri ta’rbiyalanıwshılar dıqqatın basqarıwdın’ za’ru’rliligi. Pedagoglar ha’m ta’rbiyashılar ko’z-qarası boyınsha balalar dıqqatsızlıg’ı, onın’ intizamsızlıg’ı, ha’tteki ta’rbiyasızlıg’ı menen tu’sindiriledi. Psixologiyalıq analiz ko’z-qarasınan balanın’ tapsırmanı orınlawdag’ı sin’isiwshiligin sıpatlaytug’ın itibarsızlıq haqqında aytılmaydı. Eger bala o’zin tolıq iyelep alatug’ın qızıqlı oyın yaki xızmettin’ basqa tu’ri menen shug’ıllansa, onda ol jasına qaramastan dıqqat protsesslerinin’ qa’liplesiwi, pisip jetilisiwi bolg’an barlıq sıpatların ko’rsetedi. Solay etip, bala dıqqatının’ xızmet ko’rsetiwi balanın’ xızmetin sawatlı sho’lkemlestiriwdi ta’miyinleydi, bul arqalı balalar motivatsiyasının’, olardın’ jeke ha’m jas imkaniyatların esapqa alınıwı tu’siniledi. 4-5 jastag’ı, ha’tteki 11-12 jastag’ı balalar an’sat ha’m tez alan’laydı, eresek adamnın’ ko’rsetpesin tın’lamaydı, esitkenin esinen shıg’aradı, o’z jumısında qa’telerge jol qoyadı ha’m ko’pshilik jag’dayda onı orınlawda dıqqatı bo’linedi. Bul sıpatlama balalardın’ xızmetinin’ orınlanıwının’ sapasın ta’miyinleytug’ın dıqqattın’ o’zgesheligi sıpatında, sonın’ menen birge balalar psixologiyasın biliwge tiykarlang’an eresek adamnın’ pedagogikalıq ko’nlikpelerinin’ qa’liplesiwi sıpatında qaraw mu’mkin.

Mug’allimler ha’m ata-analar balalar u’stinen olar sabaqta ha’m tapsırmalardı orınlawda o’zlerin jaman tutatug’ının aytıp shag’ım etedi. Sonın’ ushın olardın’ dıqqatı turaqlı emes. Pedagoglar bunday jag’dayda, a’dette, itibarsızlıg’ı sebepli jol qoyg’an qa’teleri ushın jazalaydı, to’men baha qoyadı. Biraq eresek adam balalardın’ dıqqatın bunday metodlar menen jaqsılawg’a erise almaydı.

Da’slep balalardı, dıqqat-itibarlılıqqa u’yretiw kerek, olardan dıqqatlı bolıwdı, detallardı ajıratıp, dıqqattı bo’liwdi talap etiw kerek, bir tu’rinen ekinshisine jen’il g’ana o’tip ketiw dıqqatının’ ko’nlikpeliligine u’yretiw kerek.

Biz sonın’ ushın da, dıqqat protsesslerinin’ psixologiyalıq sıpatlamalarına qısqasha toqtalıp o’temiz.

*Dıqqattın’ ta’biyatı.* Dıqqat adamnın’ bir qozdırıwshıg’a yaki bir neshe qozdırıwshılarg’a (olardın tutas kompleksinde) toqtalıp, adamnın’ nerv sistemasına minut sayın ta’sir ko’rsetetug’ın barlıq qozdırıwshılar ag’ımınan olardı ajıratıp ala otırıp, itibardı ja’mley alıw uqıbında ju’zege shıg’adı. Bunday jag’dayda dıqqat maydanındag’ı qozdırıwshılar anag’urlım ayqın qabıl etiledi. Ajıratıp alıng’an usınday qozdırıwshı, en’ baslı, u’stemlik jag’dayın iyeley otırıp, adamnın’ bas miyinin’ qabıg’ında nerv qozıwının’ a’dewir ku’shli oshag’ı – tiykarg’ı belgisin payda etedi. Bunda qalg’an basqa qozdırıwshılardın’ (ha’m ishki, ha’m sırtqı) ta’siri tormozlanadı. Olar adamnın’ sanasına jetip barmaydı, ol bulardı sezbeydi. Biraq waqıtlar o’tip, nerv qozıwının’ baslı oshag’ı so’nedi ha’m onın’ dıqqatının’ bag’ıtı basqa ta’repke awısadı. Ol endi o’z jumısınan alan’lay baslaydı ha’m qanday da bir qozdırıwshı jan’a ku’shke iye bolıp, dominanttın’ ornın iyeleydi.

Balalar ushın uzaq waqıt negedur itibarın ja’mlew qanshelli qıyın ekenligi ayqın bolıwı ushın balalar ha’m o’spirimler ushın ta’n bolg’an nerv xızmetinin’ sonday bir o’zgesheliklerin eslew jetkilikli boladı. Bala qanshelli kishi bolsa, qozıw protsesslerinin’ so’niwi sonshama quramalı boladı. Neyrofiziologiyanı u’yreniw tarawındag’ı son’g’ı ilimiy tabıslar tormozlanıw protsesinin’ joq ekenligin, al qozıwdın’ so’niw protsesi bar ekenligin da’lilledi. Dominanttın’ qozıp o’shiwi protsesisiz payda bolıwı da, saqlanıwı da mu’mkin emes. Sonın’ menen birge balanın’ bas miy qabıg’ındag’ı qozıw sol bir o’shiw protsesinin’ ha’lsizligi sebepli qabıq boyınsha quyılıw tendentsiyasına iye boladı. O’shiw protsesinin’ o’zi, xızmeti kletkanın’ o’zin an’lawdan g’ana emes, al kelip jetiwshi signallardı bo’liwden ibarat bolg’an nerv kletkalarının’ arnawlı qabıg’ının’ o’siwi menen ta’miyinlenedi. Dıqqattın’ neyrofiziologiyalıq tiykarlarının’ qa’liplesiwi 18 jasqa kelip tamamlanadı. Sonın’ ushın da, balalarda nerv qozıwının’ ku’shli ha’m turaqlı oshag’ın du’ziw, balanın’

du'nyatanım xızmetin iske asırıwında kesent beretug'ın sezilerli qıyınshılıqlar menen baylanıslı boladı.

Solay etip, dıqqat - bul o'zi ushın en' a'hmiyetlisin tan'law ha'm onda o'zinin' qabıl etiwin, oylawın, qayta eslewin, elesletiwin ja'mley alıw uqıbı.

*Dıqqattın' u'sh tu'ri bar***.** En' a'piwayısı ha'm genetikalıg'ı erksiz dıqqat bolıp tabıladı. Ol o'zimiz ta'repinen hesh bir ku'sh salıwlarsız ju'zege shıg'adı.

Erkli dıqqat adam o'z aldına belgili bir maqset qoyıp, og'an erisiw ushın umtılg'anda, ku'sh salg'anda payda boladı. Negedur ja'mlengenlik adamnın' o'zi qa'lewi menen, onın' erki ha'm ku'sh salıw menen ju'zege shıg'ıwı mu'mkin. Adam dıqqat-itibarlı bolıwı ushın qanday da bir qıyınshılıqlardı (ishki yaki sırtqı) bastan keshiriwge tuwra kelgende ja'mlengenlik payda boladı. Bunday dıqqat erkli yamasa erkin dıqqat dep ataladı.

Qızıg'ıwshılıq, yag'nıy adamnın' jan'adan nenidur biliwge bolg'an tilegin an'latatug'ın o'z is-ha'reketine, qanday da predmetke mu'na'sibeti dıqqattın' u'shinshi bir deregi boladı. Erkli dıqqat orayı dep atalatug'ın dıqqattın', balanın' ha'reketshen'lik imkaniyatlarının' rawajlanıwı ha'm o'z is-ha'reketine qızıg'ıwshılıg'ının' artıwı menen ju'zege shıg'adı (N.F.Dobrınin). Bunda arnawlı aqılıy ku'sh salıw talap etilmeydi. Erkli dıqqat organizmnin' talıg'ıwı ha'm resurslarının' sarqılıwı menen waqıt boyınsha sheklenedi.

Balalar menen ku'ndelikli islesiwde joqarıda aytıp o'tilgen dıqqattın' u'sh tu'rinin' qaysı birinin' tiykarında qurıwg'a boladı degen sorawdın' tuwılıwı ta'biyg'ıy. Sol na'rse ayqın, erksiz dıqqat o'zgesheliklerin o'zlestiriw ushın usınılatug'ın jarqın ha'm a'dettegidey bolmag'an material ko'rinisindegi sabaqlardı balalar menen o'tkeriw barısında qollanıladı. Oqıw materialların o'zlestiriw boyınsha ku'ndelikli jumıstı balalardın' uqıp ha'm ko'nlikpelerin qayta islewdi oqıtıwdın' da'slepki basqıshlarında ku'shli, erkli dıqqat tiykarında qurıwg'a bolmaydı. Ol u'lken nerv ku'sh salıwın talap etedi ha'm tek kishi jas oqıwshıları ushın g'ana emes, eresekler ushın da ju'da' qıyınshılıq tuwdıradı.

Pedagog ilajı barınsha erkli dıqqatqa itibar berip, ku'shin dıqqattın' u'shinshi tu'rine bag'darlag'anı maqul. Eger balanın' jumısı qızıqlı ha'm

o’nimli bolsa, onda ol balalar dıqqatın, olardan ku’shli nervke ku’sh salıwın talap etpesten-aq, o’zinde «ja’mlep» ala aladı. O’ytkeni, oqıw barısındag’ı barlıq na’rselerdi qızıqlı dep aytıwg’a bolmaydı, sol sebepli balalarda ku’shli itibardı ja’mlew uqıbın az-azdan qa’liplestiriw kerek.

*Dıqqat sapası.* Dıqqattın’ tiykarg’ı sapaları bolıp onın’ ko’lemi, kontsentratsiyası (ja’mleniw ku’shi), turaqlılıg’ı (ja’mleniwinin’ uzınlıg’ı, tan’lamalılıg’ı, tarqalıw ha’m bir-birine o’tiwshiligi esaplanadı.

*Dıqqat ko’lemi* - bul birdey ayqınlıq penen bir waqıtta adamnın’ «uslap» alıwı mu’mkin bolg’an obektlerinin’ sanı. Eger stolg’a o’shirgish, qısqısh, ten’ge sıyaqlı 10-12 tanıs na’rselerdi qoyıp, olardı bekitip, son’ınan barlıg’ı bolıp 5-10 sekundqa ashıp qoyılsa, son’ınan ja’ne bekitip qoyılsa, a’dette eresek adam 6-7 zattı tanıp qala aladı. Eger olar bizlerge tanıs emes predmetler bolsa, yaki olar bir-birine ju’da’ jaqın etip qoyılsa yaki kerisinshe, olar bir-birinen qashıq etip u’lken maydang’a qoyılg’an bolsa, dıqqattın’ ko’lemi keskin kemeyedi. Dıqqat ko’lemi balada a’dewir to’men. Sonın’ ushın, eger eki uqsas kartina menen, yaki mazmunı boyınsha jaqın bolg’an qosıqlar menen tanısıwına tuwrı kelse, qabıl etetug’ın obektlerdi «shatastırıp» alıw ju’zege keledi. Bunday jag’dayda, materialdı ha’r ta’repleme analizlew na’tiyjesinde balalarda salıstırıw uqıbının’ qa’liplesiwin ta’miyinley alatug’ın shınıg’ıw ha’m tapsırmalardı oqıw protsesine engiziw maqsetke muwapıq boladı. Oqıw materialın ha’r ta’repleme analizlew – bul, birinshi gezekte, ko’riw informatsiyaların puqta «qarap shıg’ıw»dı, audil informatsiyalardı «tın’lap ko’riw»di, predmetlik informatsiyalardı «sıypalap ko’riw» di iske asıratug’ın material menen tanısıw degen so’z.

Tiykarg’ı ha’m mayda detallarg’a, ren’i, forması, ha’r tu’rliligine ha’m t.b.-g’a dıqqat qaratıw kerek. Usı basqısh protsesinde balalarda dıqqattın’ bo’liniwi, turaqlılıg’ı, ja’mleniwi ha’m ko’lemi qa’liplesedi.

*Dıqqat kontsentratsiyası.* Adamnın’ itibardı ja’mley alıw ku’shi menen sıpatlanadı ha’m burıng’ı dominanttı o’shiriw ha’m jan’asın du’ziw ushın za’ru’r bolg’an jan’a qozdırıwshının’ ku’shi menen anıqlanadı. Mektepke

shekemgi ha’m kishi mektep jasındag’ı balalarda ja’mleniw ku’shi tek kishkene g’ana bolıp qalmastan, al siyrek gezlesetug’ın jag’day bolıp ta tabıladı.

Bir dominanttı saqlaw waqtı, yag’nıy dıqqattın’ turaqlılıg’ı kishi jastag’ı mektep oqıwshılarında onsha u’lken emes. Pa’sen’lemegen dıqqatqa iye balalar o’zleri ushın qızıqlı ha’m tu’sinikli bolg’an gu’rrin’di tın’laydı. Bir dominanttın’ usınday ko’lemde saqlanıwında balanın’ dıqqatının’ a’dewir turaqlılıg’ı ko’rinedi. Sonın’ menen birge balalar dıqqatının’ tez alan’lag’ıshlıg’ı, ha’tte qızıqlı ha’m kerekli bolg’an na’rsede de dıqqatın ja’mleniwinin’ qıyın keshetug’ınlıg’ı pedagogqa jaqsı ma’lim. Qanday da bir na’rsede uzaq itibarın ja’mley almawı yaki bir na’rse menen ba’nt bolg’anda da balanın’ jiyi alan’lawı dıqqattın’ shashırandılıg’ı menen sıpatlanadı. Usınday unamsız dıqqat sıpatının’ payda bolıwının’ aldın alıw ushın, onı keltirip shıg’aratug’ın sebeplerdi biliw kerek. Ba’rinen burın sonı este tutıw kerek, balalarda uzaq ha’m turaqlı ja’mleniwinin’ uqıbının’ bolmawı ta’biyg’ıy qubılıs, bul olardın’ joqarı nerv xızmetinin’ o’zgeshelikleri menen baylanıslı halat.

Balalarda jiyi gezlesetug’ın alan’lag’ıshlıqtın’ sebeplerinen biri - olardın’ an’sat ha’m tez ju’zege keletug’ın talıg’ıwı. Ol nerv-bulshıq et sistemasının’, a’sirese, ko’riw ha’m esitiw apparatlarının’ uzaq ku’sh tu’siwin talap etetug’ın qıyın, qızıqlı emes ha’m bir tu’rdegi jumıstı orınlawda tez payda boladı.

Ta’sirleniwlerge, ku’shli emotsional berilip ketiw, jetkilikli dem almaw, nadurıs awqatlanıwlar za’ru’rli bolg’an joqarı nerv-psixikalıq xızmettin’ o’nimli xızmet atqarıwına kesent etedi.

Bul İ.P. Pavlov «qorg’awshı tormozlanıw» dep atag’an uyqı tartıwshılıqtı keltirip shıg’aradı. Eger usınday talıg’ıwdın’ ju’zege keliw jiyiligi ha’m ku’shi artatug’ın bolsa, ol qa’dimgi dem alıw penen shıg’arılmaytug’ın bolsa, bul asa talıg’ıwdın’ payda bolg’anlıg’ın an’latadı. Bala uyqılay almaydı, ishteyi qashadı, uyan’ ha’m ashıwshaq bolıp qaladı. Bunday jag’dayda qa’nigenin’ ja’rdemi kerek.

Fizikalıq ha’m ruwhıy talıg’ıw jag’dayı, kemeygen gemoglobin, jaqsı uyıqlamaw ha’m basqa da fizikalıq nuqsanlar baladag’ı sılbırlıqtın’ sebepleri bolıwı mu’mkin.

Balalardag’ı alan’lag’ıshlıqtın’ sebepleri ko’pshilik jag’dayda, og’ırı ta’sirshen’lik yaki qa’liplesken tanım protsessleri menen, olardın’ dıqqatının’ za’ru’rli iykemshilliginin’ bolmawı yaki joqarı emotsional ku’shinin’ iske qosılıwı boladı. Jazalawdan qorqıw, balanın’ sa’tsizlik ushın tınıshsızlanıwı, o’zine isenbewshiligi, eresek adamnın’ balag’a bolg’an nadurıs pedagogikalıq mu’na’sibeti menen «ju’zege kelgen» emotsional jag’day sıpatında alan’lawshılıqtı keltirip shıg’aradı.

Pedagog o’zinin’ minez-qulqı menen balanın’ ja’mlengenligin yaki qollap-quwatlaytug’ının, yaki og’an kesent keltiretug’ının esapqa alıwı kerek. 4-5 ten’ 11-12 jasqa shekemgi balalardı oqıtıw barısında baslanıp ketken jumıstı, qanday da bir qosımsha tapsırmalardı tu’siriwge u’ziliske bolmaydı. Ma’selen, pedagog qattı dawıslag’an halda: «quwıp jetin’», «Eki kletka taslawdı umıtpan’» ha’m t.b. qosımsha tapsırmalar menen bo’liwge bolmaydı. Sonday-aq. ayırım balalarg’a qattı eskertiwler menen: «Ayaqların’dı durıslap qoy» ha’m «Jan-jaqqa qaray berme» dewge jol qoyıp bolmaydı. Olar balalardın’ dıqqatın buzadı, balalardı baslag’an isinen alan’latadı. Bunday tu’rdegi eskertiwlerdi, balag’a za’ru’r bolg’anda, sıpayı tu’rde jeke ta’rtipte jetkeriw kerek. Sonday-aq, balalarg’a ta’biyg’ıy talapların qanaatlandırıw ushın aktiv tu’rde oyında, do’retiwshilikte ha’m bos waqıtlarına payızlı imkaniyatlar jaratıw za’ru’r.

Baqsha jasındag’ı balalardın’ oylawı ha’m onın’ rawajlanıwı o’zine ta’n qa’siyetke iye. Oylaw balanın’ baqsha jasındag’ı da’wirinde pa’ti menen rawajlanadı. Bunın’ sebebi, birinshiden baqsha jasındag’ı balalarda turmıs ta’jriybesinın’ bir qansha qo’beyiwi, ekinshiden bul da’wirde balalar so’ylew uqıbının’ jaqsı rawajlang’an bolıwı, u’shinshiden baqsha jasındag’ı balalardın’ erkin o’z betinshe ha’reket etiw mu’mkinligine iye bolıwları esaplanadı. Baqsha jasındag’ı balalarda ha’r tarawg’a tiyisli sorawlardın’ tuwılıwı olardın’ oylaw protsesinin’ tezlesiwinen da’req beredi. Bala o’z sorawına juwap taba almasa

yamasa u’lkenler onın’ sorawına a’hmiyet bermese ondag’ı qızıg’ıwshılıq joq bolıp baslaydı. A’dette ha’r qanday oylaw protsesi qandayda bir na’rseden tan’lanıw hayran bolıw ha’m na’tiyjede tu’rli sorawlardın’ tuwılıwı sebepli payda boladı. Ko’binese ata-analar ha’m ayrım ta’tbiyashılar egerde balalar ko’birek soraw bere berse «ko’p so’yleyberme» «sen bunday ga’plerdi qay jerden u’yrendin’» dep urısıp beredi.

Na’tiyjede bala ekinshi o’z bilgenın’she tu’siniwge ha’reket etedi. Ayrım tartınshaq balalar bolsa hesh bir soraw bermeydi. Bunday balalarg’a tu’rli shınıg’ıwlar ha’m seyillerde u’lkenlerdin’ o’zleri soraw da beriwleri ha’m usı menen olardı aktivlestiriwleri mu’mkin.

Ha’r qanday oylaw protsesi a’dette qandayda bir na’rseni salıstırıw analiz ha’m sintez qılıwdan baslanadı. Sonın’ ushın biz a’ne usı salıstırıwdı analiz ha’m sintez etiwdi oylaw protsesi dep ataymız. Seyiller balalardag’ı oylaw protsesinen aktivlestiriw ha’m rawajlandırıwg’a ja’rdem beredi. Balalar ta’biyatqa etilgen seyillerde tu’rli na’rselerdi bir biri menen salıstıradı, analiz ha’m sintiz etip qo’riwge umtıladı

## I.3 Balalardı diagnostika qılıw mashqalaları ha’m imkaniyatları

Mektepke shekemgi jastag’ı balalardı psixologiyalıq diagnostikadan o’tkeriw barısında izertlew alıp barıwshı qa’nige balalar menen jumıs baylanısın ornatıw, onın’ dıqqatın tapsırmag’a ja’mlew, bul jastag’ı balalardın’ tez sharshawı ha’m jalıg’ıwı sıyaqlı qıyınshılıqlarg’a, sonday-aq testten o’tkeriw jag’dayında balalardın’ o’zin tutıw mu’na’sibetinin’ o’zgeshiklerine dus keledi.

Mektepke shekemgi jastag’ı balalardın’ ha’m baslawısh klass oqıwshılarının’ psixikalıq rawajlanıwın bahalay otırıp, balanın’ o’z imkaniyatların maksimal tu’rde ashıwı ushın sharayatlar jaratıw kerek. Arnawlı metodikalıq a’meller ja’rdeminde tek balanın’ psixikalıq jaqtan jetilisiwin g’ana emes, al onın’ jaqın keleshektegi rawajlanıw da’rejesin de izertlew mu’mkin.

Sonı da esten shıg’armaw kerek, balalar o’zlerine jaqın adamlar menen mu’na’sibette bolıp, birge oynap u’yinde ju’zege shıg’arıwı mu’mkin bolg’an na’rselerdi diagnostikalıq sınaq sharayatlarında o’zindey bala menen birge ko’rsete aladı. Ma’selen, waqıt jetispewshiligi bolsa da (bala o’zinen tez juwap beriw talap etilgenin sezingende) yaki tanıs emes sharayatta da ko’rsete aladı.

Balanın’ rawajlanıw da’rejesin bahalaw ushın onı oyın payıtında baqlag’an maqul boladı. 4-10 jastag’ı bala izertlewge o’zinin’ su’yikli oyınshıg’ı menen keliwi de mu’mkin, bug’an qarsılıq etiwge bolmaydı. Kerisinshe, psixologiyalıq izertlewge kelgen balanın’ su’yikli oyınshıg’ın marapatlaw ha’m maqullaw za’ru’r.

Balalar sınaq sharayatlarında o’zin tutıw uqıplılıg’ının’ ken’ ko’lemine iye boladı. İzertlew sharayatındag’ı o’zin uslap tutıwına psixofiziologiyalıq ha’m sotsiallıq ta’rtiptegi psixolog mamanlıg’ı sıyaqlı faktorlar da ta’sir jasaydı. Geypara balalar mektepke shekemgi ma’kemelerge baradı ha’m «jas eresekkke» bag’ınıwg’a ko’nlikken boladı ha’m testten o’tkeriw sharayatınan shıg’ısadı. Sonın’ menen bir waqıtta «u’y balaları» dep atalatug’ın balalar psixolog-diagnosttan o’zleri ushın emotsionallıq jag’daylardı du’zip beriwdi talap etedi.

Balalar menen jumıs barısında ash bolıw, sho'llew, ha'jetke shıg'ıw ha'm t.b. usag'an turmıslıq faktorlardı da esapqa alıw kerek. Ayırım balalar bular haqqında aytıwg'a tartınadı. Aqıbetinde izertlew barısı balanın' o'zine de, psixologqa da emotsional qolaysızlıqtı payda etiwi mu'mkin.

Sharayattan shıg'ıwdın' ja'ne bir jolı izertlewdi oyın bo'lmesinde o'tkerip, balanı oyınshıqlarg'a alan' etiw bolıp ko'riniwi mu'mkin. Al, shınında da oyın bo'lmesi, eger balanın' jan'a bo'lme ha'm jan'a adamlarg'a beyimlesiwi za'ru'r bolg'anda izertlew sharayatların ju'rgiziw ushın jaqsı. Psixologiyalıq izertlewlerdi o'tkeriw ushın negizinde qızıqlı oyınshıqlar, su'wretler ha'm bezewler onshelli ko'p bolmag'an bo'lme kerek. A'lbette, ol jaqtılı, ıqsham ha'm payızlı bolıw menen birge onda o'zine tartıwshı predmetler az sanda bolıwı kerek. Eger kerisinshe bolsa, onda balanın' ko'zleri bir jerde turmay, na'tiyjede test tapsırmalarına dıqqatın ja'mlewi qıyın boladı. Balag'a test tapsırmaların orınlawdın' jen'il bolıwı ushın barlıq metodikalar ha'm oqıw qollanba testleri mazmunı boyınsha ra'n'-ba'ren' ha'm qızıqlı stimullı material menen ta'miyinlengen.

Bala 4 jastan 10 jasqa shekem tez rawajlanadı ha'm onsha uzaq bolmag'an usı waqıt ishinde, hesh qanday balalar ma'kemesine barıwg'a huqıqı bolmag'an mektepke shekemgi jastag'ı bala jag'dayınan ko'plegen sistemalı wazıypalar massası ju'klengen oqıwshı jag'dayına shekemgi joldı basıp o'tedi. Biz 4-5 jastag'ı, 5-6 jastag'ı ha'm 7-10 jastag'ı balalardı differentsiyallıq u'yreniw diagnostikasına tartıwdı usınamız. 4-5 jastag'ı balalardın' minez-qulqının' sotsiallıq motivleri mektepte oqıwg'a tayarlıq ko'rip atırg'an 6 jastag'ı balalarg'a qarag'anda kem da'rejede qa'liplesken boladı. Baslawısh klasslardın' oqıwshılarında tek oqıwg'a degen inta emes, al tutas o'zin uslap tutıwı, o'zin-o'zi basqarıw sistemasının' qa'liplesiwinin' belgili bir da'rejesin de gu'zetiwge boladı.

4 ha'tte 5 jastag'ı ayırım balalar diagnostikalıq tekseriwden izertlewge birinshi ma'rte o'tip atırg'an bolsa, ata-analarınan ajıralıp qalıwdan qorqadı. Ma'selen, eger bala bo'lmege anası menen emes, al o'zi kiriwden bas tartatug'ın

bolsa, onda anasının’ diagnostikag’a qatnasıwına ruxsat etiwi kerek. Anası o’zinin’ qatnasıwı menen balanı tınıshlandıradı, onın’ qolınan uslap otırıwı mu’mkin, biraq onın’ izertlew protsesine aralasıwına ha’m qanday da bir halatta og’an tu’sinik beriwine bolmaytug’ınlıg’ın eskertip qoyıw kerek.

Ata-ana 7 jasar balasın mektepte oqıwg’a tayar ekenligin anıqlaw maqsetinde izertlewge alıp keletug’ın jag’day bug’an kirmeydi. Egerde bala psixolog kabinetine ata-anasısız kiriwden bas tartsa, ata-anasının’ o’z balası haqqında ju’da’ zeyinli dep jan ku’ydirip aytıwına qaramastan, sonın’ o’zi-aq onın’ ele oqıwg’a tayar emesligi haqqında juwmaq shıg’arıw ushın jetkilikli boladı.

Ha’r bir psixologiyalıq metodika menen ha’m ha’r bir usınıs etiletug’ın testtin’ tolıq ko’rsetpeler menen ta’miyinlengenligine qaramastan, biz balalardı psixologiyalıq izertlewdin’ ayırım ulıwma rejelerin usınıs etemiz.

Solay etip, psixodiagnostika ilajları ayırım qa’delerdi saqlawdı talap etedi:

1. 10-12 jasqa shekem balalardı tu’sten keyin diagnostikalastırıw maqsetke muwapıq emes. En’ qolaylı waqıt 10.00 nan 11.00 ge shekem.

2. Jumıstı baslawdan aldın balanın’ barlıq fiziologiyalıq talapların (suw ishiw, ha’jetxanag’a barıp keliw ha’m t.b.) qanaatlandırıwdı usınıs etiw.

3. Bala awırg’an bolsa, da’rhal sawalıwdan diagnostikalastırıw ma’sla’ha’t etilmeydi. Nawqasınan ayıqqannan eki ha’pteden keyingi mu’ddet en’ maqulı bolıp esaplanadı.

4. Diagnostika waqtı 30-40 minuttan aspawı kerek.

5. Diagnostika o’tkeriletug’ın bo’lme bala ushın a’dettegidey, jaqsı shamallatılg’an bolıwı kerek.

6. Diagnostikanı o’tkeriw ushın balanın’ ilajı bolg’anınsha psixologtı tanıwı maqsetke muwapıq.

7. Diagnostikanı baslawdan aldın psixologtın’ kim ekenin ha’m onın’ ne menen shug’ıllanatug’ının a’piwayı formada tu’sindiriw kerek, usı arqalı tınıshsızlanıw da’rejesin azaytıwg’a boladı.

8. Diagnostika payıtında balanın’ diagonal boyınsha otırg’anı maqul.

9. Diagnostika ha’m korrektsiya o’zin’izdi tıyıwdı talap etedi. Yag’nıy, ga’p bul jerde balanın’ qıymıl ha’reketine kewil bo’lmew haqqında boladı, sebebi balalardın’ fiziologiyalıq jaqtan arqayın bolıwı qıyın keshedi.

10. Barlıq za’ru’rli na’rseler, materiallardan baslap tap salfetka ha’m suwg’a shekem qol jetetug’ın jerde bolıwı kerek.

11. Diagnostikanın’ tiykarg’ı wazıypası - balanın’ rawajlanıwına nenin’ tosqınlıq jasaytug’ınlıg’ın bilip alıw, yag’nıy bala dus keletug’ın qıyınshılıqlar menen neden ja’bir shegetug’ınlıg’ın anıqlawdan ibarat.

Balanın’ da’l jasın - jıl ha’m ayın ko’rsetiw a’hmiyetli.

Eger birinshi diagnostikalıq izertlewde jeterli na’tiyjege erisilmegen bolsa, ekinshi ushırasıwdı 2-3 aydan keyin o’tkeriw usınıs etiledi.

Qa’legen zeyinli ha’m jetik rawajlang’an bala diagnostikalıq baqlaw barısında jaqsı ko’rsetkishke erispey qalıwı da mu’mkin. Ol ha’r qıylı sebeplerge baylanıslı qanday da bir tapsırmanı to’men orınlawı, qıyınshılıqqa dus keliwi yaki bolmasa ko’rsetpeni a’stelik menen o’zlestiriwi mu’mkin. İzertlewdin’ tabıssız na’tiyjesi barısında balanın’ sa’tsizligine qanday sebepler duwshaker etkenligin anıqlaw ha’m belgili bir waqıt intervalın o’tkerip (u’sh ha’pteden kem bolmag’an) izertlewdi qaytadan o’tkeriw usınıs etiledi.

Psixologtın’ diagnostikalıq izertlew maqsetlerin esapqa alıw za’ru’r. Ma’selen, eger bul usıl balanı baqshag’a qabıllaw da balag’a qa’te tu’sinik beretug’ın ata-analar da ushırasadı. Balasın tınıshlandırıw maqsetinde ata-anası og’an «Qorıqpa, ol jerde qorqınıshlı hesh na’rse joq» degendi ko’p qaytalaydı. Diagnostikalıq izertlewden aldın ata-analardın’ balanı jaman na’tiyje ushın jazalaytug’ının aytıp qorqıtıw pu’tkil shan’araq ushın sa’tsizlik bolıp, qanday sharayatta da diagnostikalıq ilajlardan burın psixolog onı o’tkeriw payıtında da ata-analarının’ balag’a unamsız ta’sir ko’rsetiw jag’dayın esapqa alıwı kerek. Psixolog-diagnost balanı baqalaw jag’dayında ondag’ı qorqınıshtı a’lpayım dawıs tolqını menen alıp taslaw, bet a’lpetindegi qızıg’ıwshılıq ha’m ısıqlıg’ı menen balanı tolıq qollap-quwatlaw sıyaqlı faktorlardan paydalanıw usınıs etiledi.

Psixolog bala turmısının’ o’zine ta’n o’zgeshelikleri haqqındag’ı mag’lıwmatlarg’a iye bolıwı: shan’araq quramı, shan’araq ag’zalarının’ o’z-ara qarım-qatnası sıpatlaması ha’m shan’araq ag’zalarının’ salamatlıq jag’dayların biliwi maqsetke muwapıq boladı. Bul balag’a beriletug’ın sorawlar boyınsha psixolog-diagnostın’ itibarlı bolıwın ta’miyinleydi.

## II. Bap. Balalardın` mektepke tayarlıq da`rejesin diagnostika qılıwda paydalanatug'ın metodikalar ha'm olardı qollanıw usılları

### II. 1. Ereseklerdin' balalarg'a bolg'an mu'na'siybeti diagnostikası

«Pedagog ha'm ana-ananın' balalarg'a mu'na'sibeti» sorawnaması psixologiya klassikleri L.S.Vıgotskiy, S.L.Rubinshteyn, L.İ.Bojovich ta'repinen islep shıg'ılg'an metodologiyalıq usılları, sonday-aq K.Rodjers, A. Melloudın' gumanistlik psixologiyası printsipleri, V.Frankl ekzstentsial psixologiyasına tiykarlang'an teren' ha'm itibarlı jumıstın' na'tiyjesi bolıp tabıladı. Test-sorawnamalar metodikalıq sheshimin tabıw A.Ya.Varga ha'm V.V.Stomı ta'repinen islep shıg'ılg'an ata-ana mu'na'sibeti belgili metodikasının' tiykarg'ı pozitsiyaları ta'repinen anıqlang'an. Bul sorawnama respublika boyınsha mektepler, bala-baqshalar ha'm u'ylerde 1500 den aslam pedagog ha'm ata-analar qatnasıwında 20 jıl dawamında o'tkerildi.

Sorawnama ta'rbiyashılar, oqıtıwshılar ha'm ata-analardın' balalarg'a mu'na'sibetinin' o'zgesheliklerin anıqlawg'a bag'darlang'an diagnostikalıq qural bolıp esaplanadı. Ol tek eresek adamnın' balag'a mu'na'sibetinin' sıpatın g'ana emes, al sonday-aq, balanın' biliw iskerligi, emotsional o'zgerisleri ham balanın' o'z qatarları, eresekler ha'm qorshag'an a'lem bir pu'tin halında shaxslar aralıq mu'na'sibetlerinin' buzılıw sebeplerin de anıqlaydı.

Bunnan go'zlegen maqset, bala shaxsındag'ı unamlı o'zgerisler, onın' nerv-psixikalıq ta'sirshen'ligin, biliw imkaniyatları, adamlar menen mu'na'sibeti ayrıqshalıg'ı bala ta'rbiyası juwapkershiligin moynına alg'an eresek adamnın' shaxsı menen anıqlanadı. Konstruktiv nerv-psixologiyalıq jag'day ha'm emotsional jag'ımlılıq balalardın' biliw imkaniyatlarına ha'm onın' turmıslıq is-ha'reketinin' ulıwma tabısı bolatug'ının ko'p sandag'ı izertlewler, sonday-aq, bizin' shan'araqlar menen alıp barg'an jumıslarımızdın' na'tiyjeleri menen ta'jiriybeler da'liyllep berdi. Solay etip, eresek adamnın' mu'na'sibetinin' xarakteri bala shaxsının' rawajlanıwının' baslı o'zgesheliklerin anıqlaydı. Sizge usınılıp otırg'an «Psixolog sandıqshasında» Siz balalar ushın su'wretli

testler proektiv metodikası menen «Proektivli balalar su'wreti» kitapshasında tanısıwın'ız mu'mkin. Su'wretli testler na'tiyjeleri balanın' nerv-psixikalıq statusı o'zgesheliklerin ha'm eresek adamnın' balag'a mu'na'sibeti sıpatlaması menen anıqlanatug'ın balanın' jag'dayı ha'm o'zin uslap tutıwının' destruktivli tiykarg'ı dereklerinen birin anıqlaw ha'm u'yreniw imkanın psixologqa bere aladı.

*Pedagog ha'm ata-analardın' balalarg'a mu'na'sibeti sorawnaması*

Bul kitapshada sorawnamanın' eki variantı: biri ata-analar, ekinshisi bilimlendiriw sisteması xızmetkerleri ushın keltirilgen. Alıng'an na'tiyjelerdin' gilti ha'm interpretatsiyası eki variantta da sa'ykes keledi.

Eresek adamnın' balag'a bolg'an ka'siplik mu'na'sibeti tek balalar menen qarım-qatnasta bolıwdın' bilim ha'm ko'nlikpelerinin' sisteması dep g'ana emes, al o'zin uslap tutıw, ka'siplik stereotiplerdi anıqlaytug'ın balalarg'a degen mu'na'sibetlerinin' ha'r qıylı sezimleri de tu'siniledi. Bizin' qollanbamızdın' ideyası sonnan ibarat, eresekler ha'm balalar o'z-ara mu'na'sibetlerinin' ha'r tu'rli standart bolmag'an ha'm konfliktli pedagogikalıq, turmıslıq sharayatlarg'a, qa'dege muwapıq, eresek adam ma'writ ta'siri astında mu'na'sibet bildiredi. Balanı qalay bolsa, tap solayınsha emotsional unamlı tu'rde alıw pedagogikalıq ta'sir o'tkeriwdin' na'tiyjeli bolıwının', bazalıq fundamental sha'rti bolatug'ının eresekler ha'm balalar mu'na'sibetlerin ko'p sanlı izertlewler ko'rsetip bere aladı. Sonın' ushın da usınılıp otırg'an metodika eresek adamnın' balalarg'a mu'na'sibetinin' o'zgesheliklerin, emotsionallıg'ın ha'm kognitiv o'zin uslap tutıw komponentlerin o'z ishine alıwshı ha'm u'yreniwdin' a'hmiyetli quralı esaplanadı. Bul metodika boyınsha test o'tkeriwdin' na'tiyjeleri eresek adamnın' balalarg'a mu'na'sibetinin' distruktivliliginin' sebeplerin sıpatların g'ana emes, al psixologiyalıq qollap-quwatlawg'a pedagog yaki ata-ana mu'ta'j bolg'an ha'm onın' ta'rbiyashılıq sheberligin rawajlandırıwdı ta'miyinlewge de ja'rdem etedi.

Metodikanı jeke halında da, toparlıq jumısta da qollanıw mu'mkin.

*Sorawnama to'rt shkaladan turadı:*

I. «Ta’n alıw-biykarlaw. Shkala balalarg’a degen integral emotsionallıq qatnastı sa’wlelendiredi.

II. «Kooperatsiya» – Eresektin’ balalarg’a bolg’an ka’siplik mu’na’sibetinin’ sotsial maqsetke muwapıq obrazı.

III. «Avtoritar gipersotsilizatsiya». Balanın’ o’zin uslap tutıwın qadag’alawdın’ forma ha’m bag’darların sa’wlelendiredi.

IV. «Kishkene a’wmetsiz».

Ereseklerdin’ balalardı qabıllaw ha’m tu’siniw o’zgesheliklerin sa’wlelendiredi.

*O’tkeriw ushın ko’rsetpe*

«Ma’rhamat, ha’r bir tastıyıqlawdı dıqqat penen oqıp shıg’ın’. Eger siz tastıyıqlawg’a kelisetug’ın bolsan’ız juwap betine «+» belgisin, al kelispesen’iz «-» belgisin qoyın’. Anıq juwap beriwge umtılın’. Durıs yaki nadurıs juwaplardın’ bolıwı mu’mkin emes, biz sizler menen balalar ta’rbiyasında gezlesetug’ın qıyınshılıqlardı ja’ne bir ma’rte analizleymiz. Bizin’ siz benen alg’a qoyg’an maqsetimiz - balalarg’a salamat ha’m baxıtlı bolıwg’a ja’rdemlesiwden ibarat».

*«Pedagogtın’ balalarg’a qatnası» sorawnama teksti*

(Sorawnama teksti kartochkası)

1. Ta’rbiyashı yaki oqıtıwshı balanın’ nelerdi oylaytug’ınlıg’ının’ barlıg’ın biliwi kerek dep esaplayman.

2. A’dette pedagoglarg’a o’z is-ha’reketlerinde bala shaxsına ha’rdayım hu’rmet ko’rsete biliwine tuwra kelmey qaladı.

3. Pedagoglar balalar sebebinen jiyi ashıwg’a minedi.

4. Bazda mug’allimler menen ta’rbiyashılar balarg’a baslıqtın’ o’z qaramag’ındag’ılarg’a jasag’an qatnasındag’ıday mu’na’siybette boladı.

5. Pedagogtın’ o’z klasına yaki balag’a bolg’an tosqınlıqtı sezinetug’ın payıtları da boladı.

6. Geyde, menin’ ta’rbiyalanıwshılarım mag’an kesent etiw ushın arnayı tu’rde o’zlerin jaman uslap tutatug’ınday tuyıladı.

7. Menin’ ta’rbiyalanıwshılarım jaman a’detlerdi o’zlerine tez sin’irip aladı.

8. Balanı qatan’ ramkada uslaw kerek, sonda onnan ta’rtip-intizamlı adam o’sip jetilisedi.

9. Menin’ ta’rbiyalanıwshılarımnın’, ha’tteki klasstag’ı tınıshlıq buzılatug’ın jag’dayda da, mag’an emotsional ashılısıwı unaydı.

10. Pedagogikalıq ken’este basqa bir balalardı maqtag’an paytta ta’rbiyalanıwshılarımnın’ o’zim qa’legendey aqıllı ha’m uqıplı bolmag’anlıg’ınan qolaysızlanaman.

11. Geyde sonday da boladı, menin’ ta’rbiyalanıwshılarım o’sip ha’m eseyip baratır, men olardın’ bunnan anag’urlım jasıraq payıtların ha’wes penen eske alaman.

12. Men ta’rbiyalanıwshılarımnın’ yaki su’yikli oqıwshımnın’ o’zimnin’ o’mirimde erise almag’an na’rselerimnin’ ba’rine erisiwin a’rman etemen.

13. Sho’lkemlestiriw sheshimlerin qabıl etiw payıtında balalardın’ pikirin esapqa alıw kerek.

14. A’dette balalar menen konfliktke kelgende, olardın’ o’zlerinshe haq ekenligin moyınlaw pedagogqa an’sat emes.

15. Pedagoglardın’ qa’telesiwi mu’mkinligin balalar bilip aladı.

16. Ko’pshilik mug’allimler menen ta’rbiyashılar balalardın’ talg’am ha’m tileklerin, ha’tte olar olardın’ jeke talapları menen sa’ykes kelgende de esapqa almaydı.

17. Balalardın’ qırsıqlanıwının’ tiykarg’ı sebebi- erinsheklik ha’m o’jetlik bolıp esaplanadı.

18. Klassta topar menen islesiwge qarag’anda klasstan tıs ilajlardı o’tkeriw anag’urlım qıyınıraq.

19. Geyde, balalar o’zlerine degen menin’ g’amxorlıg’ımdı bahalawg’a uqıpsızday, sog’an qaramastan, mu’na’sibette bolatug’ın sıyaqlı.

20. Balalardın’ o’kinishlerinin’, ko’z jaslarının’ ha’m qın’ırlıqlarının’ haqıyqıy sebepleri barlıg’ın eresekler onsha oylamaydı.

21. Balalar ta’rbiyası - turısı menen g’a’zebin’di keltiriwden ibarat.

22. Balalıqtag’ı qatal ta’rtip-balada juwapkershilikti ku’sheytip baradı.

23. O’kinishlisi, ko’pshilik balalar o’z betinshe nenidur isley almaydı, islese de kewildegidey bolmaydı.

24. Menin’ ta’rbiyalanıwshılarımnın’ qıyınshılıqlarg’a to’zim bere almaytug’ınday bolıp ulg’ayıw itimalı meni tolg’andıradı.

25. Menin’ ta’rbiyalanıwshılarım qanday bolatug’ın bolsa, mag’an sondaylıg’ınsha unaydı.

26. Geyde ayazlag’an balanın’ da’ri-da’rmaq alg’an halda sabaqqa qatnasıwına ruxsat beriwge pedagogtı turmıstın’ o’zi ma’jbu’rleydi.

27. Balalardın’ ja’ne bir balalar menen doslasıwı ereseklerge unaydı.

«Ata-ananın’ balalarg’a mu’na’sibeti» sorawnaması teksti («Sorawnamanın’ 2 tekstinin’ kartochkası»)

1. Ata-ana o’z balaları nelerdi oylaytug’ın bolsa, solardın’ barlıg’ın biliwi tiyis dep oylayman.

2. A’dette, ata-analar o’z is-ha’reketlerinde balanın’ shaxsına hu’rmet ko’rsetiwge onsha erise bermeydi.

3. Ata-analar jiyi-jiyi o’z balalarının’ sebebinen ku’yip-pisip qaladı.

4. Geyde ata-analar balalarg’a baslıqtın’ o’z qaramag’ındag’ılarg’a jasaytug’ın qatnasınday qatnasta boladı.

5. Ata-ananın’ o’z balasın qısqıg’a alıp sınap ko’retug’ın gezleri de boladı.

6. Geyde mag’an sonday tu’yiledi, balam mag’an kesent beriw ushın o’zin qasaqana jaman tutadı.

7. Menin’ balam jaman na’rseni suwday o’zine tez sin’irip aladı.

8. Balanı qatan’ ramkada uslasaq, onnan ta’rtip-intizamlı bala o’sip shıg’adı.

9. Menin’ balamnın’ doslarının’ u’yimizge qonaqqa keliwi mag’an unaydı.

10. Tanıslarımnın’ shen’berinde balalar haqqında so’z bolg’anda, menin’ balamnın’ oylag’anday aqıllı ha’m uqıplı bolmag’anlıg’ı meni qolaysız jag’dayg’a tu’siredi.

11. Balamnın’ kem-kemnen erjetip baratırg’anına o’kinip, onı kishkene waqtındag’ıday esleytug’ın payıtlarım boladı.

12. Men o’z o’mirimde nelerge erise almag’an bolsam, solardın’ ba’rine balamnın’ erisiwin a’rman etemen.

13. Shan’araqlıq sheshim qabıl etilgende balalardın’ pikiri esapqa alınıwı tiyis

14. A’dette ata-analar o’z balaları menen kelise almay qalg’anda, balalardın’ o’zinshe haq ekenligin moyınlawı qıyın boladı.

15. Ata-anaları aljasıwı mu’mkin ekenligin balalar erte bilip aladı.

16. Ko’pshilik ata-analar o’z balalarının’ talg’amı ha’m tilekleri olardın’ olardın’ jeke talaplarına sa’ykes kelmese, esapqa almaydı.

17. Balalardın’ qırsıqlıqlarının’ tiykarg’ı sebepleri erinshekligi ha’m o’jetliginde.

18. Eger miynet dem alısın bala menen o’tkersen, dem alg’anday bolmaysan’

19. Geyde, menin’ balam o’zi haqqındag’ı menin’ g’amxorlıg’ımdı bahalawg’a uqıplı emestey ko’rinedi, mag’an jaqsı mu’na’sibette boladı.

20. Eresekler ko’pshilik jag’daylarda balalardın’ o’kinishleri, ko’z jasları ha’m qıyqan’lıg’ı artında real sebepler jatqanlıg’ın oylamaydı.

21. Balalar ta’rbiyası - urısı menen ju’yke tamırların juqartıwdan.

22. Balalıqtag’ı qatan’ ta’rtip balada juwapkershilikti rawajlandıradı.

23. O’kinishlisi, menin’ balamnın’ o’z betinshe nenidur islew qolınan kelmeydi, islese de kewildegidey bolmaydı.

24. Menin’ balamnın’ qıyınshılıqlarg’a to’zim bere almaytug’ınday bolıp o’siwi meni ta’shwishlendiredi.

25. Menin’ balam qanday bolsa, solayınsha unaydı.

26. Geyde turmıs ata-analarda ayazlag'an balasın mektepke yamasa baqshag'a da'ri-da'rmaq penen jiberiwge ma'jbu'r etedi.

27. Bala o'z ata-anasına unaytug'ın balalar menen doslasqanı maqul.

*Na'tiyjeler juwmag'ı*

Giltine sa'ykes keletug'ın ha'r bir juwap ushın bir ball esaplanadı. Son'ınan ballar ha'r bir shkala boyınsha jeke tu'rde summalanadı.

1. «Ta'n alıw- biykarlaw»: $2^+$ ,$3^+$ , $6^+$ , $9^+$ ,$10^+$ ,$16^+$ ,$17^+$,$18^+$, $19^+$ ,$20^+$ ,$21^+$ 2,$4^+$ ,$25^+$

2. «Kooperatsiya»: $4^+$ ,$13^+$ , $14^+$ , $15^+$ ha'm, $6^-$ , $8^-$,$16^-$

3. «Avtoritar gipersotsiolizatsiya»: $1^+$ ,$8^+$ , $12^+$ , $22^+$ $26^+$ ha'm, $10^-$ , $27^-$

4. «Kishkene a'wmetsiz»: $5^+$ , $7^+$ , $10^+$ ,$11^+$ ,$14^+$,$16^+$, $23^+$ ,$27^+$ ha'm $24^-$

*Anıqlama*

«Ta'n alıw - biykarlaw» shkalası - maksimal summa 13 balldı quraydı.

Eger izertlewshi 0 den 4 ballg'a shekem toplasa, onda bul sonı an'latadı, eresek adamg'a (pedagog yaki ata-anag'a) balalar, olar qanday bolsa, solayınsha unaydı.

Ol ha'r bir balanın' individuallıg'ın hu'rmetleydi, olarg'a ha'wes etedi. Eresek adam balalar menen ko'p waqtın o'tkeriwge tırısadı, olardın' qızıg'ıwshılıqları menen jobaların qabıl etedi.

Eger sınap ko'riwshi 4 ha'm bunnan joqarı ball toplasa, onda ol bunday balalardı ta'rbiyalanbag'an, uqıpsız, a'wmetsiz dep esaplaydı. Eresek adam ko'binese balalarg'a ıza, ashıwlı ko'z-qarasta boladı. Ol ulıwma balalarg'a isenbeydi ha'm bala shaxsına hu'rmet penen mu'na'sibette bolıwg'a qıynaladı.

Eresek adamnın' 8 balldan zıyat ball toplaw jag'dayına psixolog itibar beriwi kerek. Bul og'an balag'a degen mu'na'sibetinde o'zinin' is-ha'reketi, a'detlerinde, kommentariylarında ta'rbiyalanıwshı shaxsına hu'rmet penen mu'na'sibetin an'latıwı ju'da' quramalı boladı.

Pedagogtag'ı ka'siplik a'hmiyetke iye jeke sıpatlardın' qa'liplesiwi balalarg'a ka'siplik aqıllı qatnastı ju'zege shıg'arıw ushın blok bolıp tabıladı.

Ata-ana menen bolg’an jag’dayda sawatlı ka’siplik aqıllı qatnastın’ analogı ata-ananın’ ta’rbiyashı sıpatındag’ı sheberligi esaplanadı.

Usı fakttı an’law, ta’n alıw, ka’siplik a’hmiyeti bolg’an sıpatların (ta’rbiyalaw sheberligin) jetilistirwge qaratılg’an o’z u’stinde real jumıs alıp barıwı eresek adamnın’ balalarg’a degen integral, emotsional mu’na’sibetleri o’zgeshelikler korrektsiyasının’ birden-bir isenimli ha’m jetkilikli mexanizmi bolıp tabıladı.

«Kooperatsiya» shkalası - maksimal summası 7 balldan ibarat.

Eger sınap ko’riwshi usı shkala boyınsha –7ball toplasa, bul sonı an’latadı, eresek adam balalardın’ isleri menen jobalarına qızıqqan, balalardı qollap-quwatlawg’a ha’m olardı ayawg’a umtıladı. Ol balalardın’ intellektual ha’m do’retiwshilik uqıpların joqarı bahalawı ha’m o’z ta’rbiyalanıwshısı ushın maqtanısh sezimlerin basınan keshiriwi mu’mkin. Eresek adam balalar intasın ha’m o’z betinsheligin marapatlaydı, olar menen terezisin ten’ etiwge umtıladı, olarg’a isenedi, talaslı ma’selelerde olardın’ ko’z-qarasın qabıl etiwge uqıplı.

Eger sınap ko’riwshi 4 ball ha’m onnan to’men bal toplasa, bul balanın’ jalg’ızlıg’ın an’latadı.

«Avtoritar gipersotsializatsiya» shkalası - maksimal summa 7 ball.

Eger sınap ko’riwshi 0 den 3 balg’a shekem toplasa, bul a’ddetigidey hal esaplanadı.

Eger sınap ko’riwshi 3 balldan ko’p toplasa, bul avtoritarizmnin’ esaplı qarap shıg’ılıp atırg’anın bildiredi. Eresek adam balalardan o’zin so’zsiz tınlawdı ha’m ta’rtipti talap etedi. Ol o’zinin’ erkin balalarg’a o’tkeriwge umtıladı, biraq olardın’ ko’zqarasın qabıl ete almaydı. Balalar o’z erkine ketkeni ushın jaza aladı. Eresek adam balalardın’ sotsiallıq jetilisiwine bag’darlarg’an, sotsiallıq tabısın talap etedi ha’m shaxsıy rawajlanıwına ma’pder emes. Ol bunda balalardı olardın’ jeke uqıpların, a’detlerin, oyların ha’m sezimlerin jaqsı biledi.

«Kishkene a’wmetsiz» shkalası - maksimal summası 9 balldan ibarat.

Eger sınap ko’riwshi 2 ball toplasa, bul norma boladı.

Bul shkala boyınsha 3 ha’m bunnan joqarı ball eresek adam balada jeke ha’m sotsial tiykarlılıqtı ko’rmewi eresek adamnın’ pozitsiyasın sıpatlaydı, bul onın infantilizatsiyasın ta’miyinleydi. Eresek adam balanı onın’ haqıyqıy jasına salıstırg’anda  jas dep sanaydı. Balalardın’ qızıg’ıwshan’lıg’ı, mashqullıg’ı, oy-sezimleri ele balashılıqqa ta’n ha’m saldamanlı emes dep qabıllanadı. Balalar uqıpsız, a’wmetsiz, jaman ta’sirlerge berilgish dep ko’z aldımızda sa’wlelenedi. Eresek adam balalarg’a isenbeydi, olardı a’wmetsizlikte ha’m qolınan is kelmeslikte ayıplaydı. Ol usı sebepli balanın’ is-ha’reketin qatan’ qadag’alawg’a ha’m ta’rtiplestiriwge tırısadı.

Eger sınap ko’riwshi 8-9 ball toplasa, onda psixolog eresek adamnın’ balalardın’ jas ha’m individual o’zgesheliklerine adekvat bolmag’an emotsional qatnasına itibar beriwi kerek boladı.

## II. 2. «Sotsiometriya» metodikası

U'lkenler menen qarım-qatnasta bolıw balalardın' bilim ha'm ko'nlikpeleri, sonın' ishinde, o'zi haqqında ko'p na'rselerdi u'yrenip, jeke pikirinin' qa'liplesiwin ta'miyinleydi, onın' biliw aktivligin ku'sheyttiredi. Qatarları menen bolg'an qarım-qatnasta bala bilimlerdi teren'lestiredi, o'zinin' a'dewir durıs, ayqın obrazın qa'liplestiredi.

Mektepke shekemgi jasta ha'm kishi mektep jasında qarım-qatnastag'ı esapqa alınatug'ın nuqsanlar adam o'zi qa'legen na'rsege erisiwge uqıbı joqlıg'ının' aqıbeti g'ana bolıp qalmastan, al u'yde de, jumısta da durıs mu'na'sibetti ornata almag'anlıqtan, a'tirapındag'ılar menen kelispewshilikler kelip shıg'adı. Bul nuqsanlar biliw sferasında da, jeke sferada da ju'zege shıg'ıwı mu'mkin bolıp, qarım-qatnasta bolıwg'a ja'ne de ko'birek kesent keltiredi ha'm adamnın' qarama-qarsılıg'ın yaki shekleniwshiligin arttıradı. Balanı sırtınan a'piwayı baqlaw jolı menen onın' o'z qatarları menen qatnasta bolıwdan qashıw, yaki kelispewshiliklerdin' bolıwı, olar menen ja'njellesiw, ta'rbiyashısına shag'ımlar barlıg'ın ko'rsetedi. Biraq baqlaw bul nuqsanlarg'a alıp keliwshi sebeplerdi ashıp bermeydi, al olardı bilmey turıp, balag'a ja'rdem beriw paydasız. Usı sebeplerdi analizlew ushın ha'r qıylı testler qollanıladı.

«Sotsiometriya» metodı balanın' o'z qatarları menen bolg'an qarım-qatnasın izertlew ha'm onın' topardag'ı statuslıq ornın anıqlaw ushın qollanıladı.

Biz, usı metodtın' «Nıqaplar» dep atalatug'ın metodikalardın' birin qarap o'temiz. (1). Bul testti 3-jasar ha'm eresek balalardı izertlew barısında qollanıw mu'mkin.

*Stimullastırıw materialı:* A'piwayı belgiler (sızıqsha, yarım oval, do'n'gelek) ja'rdeminde quwanısh, qapalıq, qayg'ı, qorqınısh, jek ko'riw ha'm tan' qalıw, ha'r tu'rli emotsiyalardı bala jen'il g'ana an'lawı ushın bir kartochkada bes nıqap usınıladı.

*Testti o'tkeriw ha'm ko'rsetpe.* Balag'a barlıq nıqaplardı kartochkada qarap shıg'ıw ha'm olardın' ha'r birinin' atın ataw usınıladı. «Mına betlerge qarap ko'rin'. Sen qalay dep oylaysan', o'z toparın'dag'ı (klasın'dag'ı) balalarg'a

qaraytug'ın bolsan', sende ko'birek qaysı bet birinshi boladı?», Bala olardan birin tan'lap alg'annan keyin, birinshi juwaptan son' qısqasha sa'wbet o'tkeriledi, og'an mınaday sorawlar beriledi: «Sen o'zin'e, bala baqsha (mektep) g'a barg'anın'da qanday nıqaptı tan'laysan'?». Psixolog balanın' hesh bir juwabın talqılap otırmastan qa'legenin, sonın' menen bir qatarda balanın' juwap beriwden bas tartıw jag'dayın da qabıl etiwi kerek.

*Na'tiyjeler juwmag'ı.* Balanın' emotsional jag'dayı toparda belgili bir keypiyatta bolg'an nıqaptı tan'lawında ju'zege shıg'adı. Birinshi sorawg'a juwap beriw barısında nıqaplar neshe ret ha'm qalay tan'lang'anı esapqa alınadı. Eger bala topardag'ı o'zinin' ornı menen qanaatlanatug'ın bolsa, kewilli nıqaplar sanı qapa bolg'an nıqap sanınan zıyat boladı. Bul ko'rsetkish balanın' statusı ko'rsetkishinen (jetekshilik yaki shetletilgenlik) a'hmiyetlirek boladı, sebebi, balalardın' qanaatlanıwı, olar iyelegen ornı menen ko'rsetiledi. Shetletilgenligi jag'dayında, qatarları menen geyde ha'wlide, klassta yaki topardan tıs, qarım-qatnasta bolıwdı maqul ko'retug'ın, sonın' ushın da bul jerde olar menen itibarsız qarım-qatnasta bolıwına tınıshsızlanbaytug'ın bala haqqında ga'p baradı. Bul variant balanın' aktiv qarım-qatnasta bolıwın qa'lemewi, onın' qatarları menen qarım-qatnasta bolıwına qızıqpawına baylanıslı bolıwı mu'mkin. Sonın' menen birge jetekshilerde, eger olar toparda ja'ne de biyigirek orıng'a umtılatug'ın bolsa yaki basqa toparg'a kiretug'ın ha'm usı jetekshige bag'ınbaytug'ın balalar menen qarım-qatnasqa umtılatug'ın bolsa, bunda «passiv» ha'm «aktiv» shetletilgenler yag'nıy o'zlerinin' shetletilgenligin tınısh g'ana moyınlaytug'ın ha'm qarım-qatnasqa umtılmaytug'ın balalar ja'ne topardan o'zlerinin' shetletilgenine ku'shli tınıshsızlanatug'ın balalar anıqlanadı.

«U'stemlik ha'm bag'ınıw» tan'lawlarının' sanı, birinshi sorawdag'ı sıyaqlı, keyingi juwaplar da esaplanadı (bul en' a'hmiyetli ko'rsetkish). Bul a'sirese, o'zinin' ornına kewli tolmaytug'ın balalar ushın a'hmiyetli. A'dette birinshilikke talpıng'an balalar o'zlerinin' statuslıq ornına kewli tolmaydı. Olardı o'z qatarları menen bolg'an a'piwayı kelisimler qanaatlandırmaydı, olarg'a bag'ınıshlı bolg'annan ko're, en' maqulı olar menen qatnastı u'ziwge

tayar turadı. Bunday balalardı u’git na’siyatlaw jolı menen qatarlarının’ is-ha’reketlerin sho’lkemlestiriw, oyınların, ko’nlikpelerin ko’rsetiw og’ada a’hmiyetli, al olardı topardag’ı qa’legen rolge kirgizip qoyıw jetkiliksiz.

Bag’ınıshlılıq oyı payda bolg’an balalar o’zlerinin’ bunday shetletilgenligine kewli tolmaydı ha’m qa’legen tu’rdegi kelisimge tayar boladı.

Bunday balalar eresek adamnın’ ha’r qanday ja’rdemin tayarlıq penen qabıl etedi, sonın’ menen bir waqıtta birinshi topar balaları sıyaqlı bunday ja’rdemge itibarsızlıq penen qaraydı, ko’binese o’zinshe erisiwdi maqul ko’redi.

«Eki u’yshe» (2) metodikası 4-7 jasar balalardın’ qatarları menen bolg’an mu’na’sibetlerinin’ xarakterin olardın’ simpatiyasın ha’m topar antipatiyasın anıqlaydı.

*Stimullı material.* Bir taxta qag’azg’a onsha u’lken bolmag’an eki u’ydin’ su’wreti salıng’an. Olardın’ birinde qızıl, ekinshisinde qara ren’ basım boladı. Qa’dege muwapıq, bul su’wret aldın ala tayarlanbaydı, al balanın’ ko’z aldında qızıl ha’m qara qa’lemler menen sızıp islenedi.

*Ko’rsetpe.* Mına u’yshelerge qaran’. Qıyalın’a keltir, qızıl u’y sag’an tiyisli ha’m ol jerge qa’legenin’she ha’mmeni shaqırıwın’ mu’mkin. Sen o’zin’nin’ toparın’nan kimlerdi shaqırar edin’, al qara u’yge kimlerdi kirgizer edin’, oylanıp ko’r.

*Testti o’tkeriw.* Su’wretti salıp atırg’anda balalarg’a qızıl u’yde ha’r qıylı oyınshıqlar, kitaplar tolıp atırg’anlıg’ı, ekinshisinde -qara u’yde oyınshıqlar derlik joq ekenligi tu’sindiriledi. Ko’rsetpe berilgennen keyin eresek kisi balanın’ qızıl u’yge kimlerdi alatug’ının, al qara u’yge kimlerdi kirgiziwdi qa’leytug’ının jazıp aladı. Sa’wbetlesiw tamam bolg’annan son’, balalardan ja’ne kimlerdin’ orınların almastırıwdı qa’leytug’ının, qanday na’rselerdi umıtqanın, yamasa umıtpag’anın soraydı.

*Na’tiyjelerdin’ analizi.* Bul test na’tiyjelerinin’ beriliwi ju’da’ a’piwayı: balanın’ simpatiyası ha’m antipatiyası qatarlarının’ tikkeley qızıl ha’m qara u’ylerde jaylastırılıwına baylanıslı. Balalardın’ o’z qatarların ko’plep qara u’yge

jiberip, al o’zinin’ jalg’ız yamasa eresekler qorshawında qalıw jag’dayına ayrıqsha dıqqat awdarıw kerek.

Olar, qa’dedegidey, ju’da’ qopal, hesh kim menen kelise almaytug’ın balalar yaki ja’njelkesh ha’mme menen to’belesip u’lgergen balalar. Bunday balalardı, olardın’ topardag’ı o’z jag’dayına qanaatlanarlıq da’rejesin anıqlaw ushın a’dette, konfliktli balalarg’a ta’n bolg’an dominantlıqqa jeke umtılıwshılıg’ın payda etiw ushın «Nıqaplar» usılında testten o’tkeriw usınıs etiledi.

| № | Kim tan’laydı | Kimdi tan’laydı | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | | | | | | |
| | | | | | | |
| | | | | | | |
| | | | | | | |
| | | | | | | |
| | +Tan’lawlar sanı | | | | | |
| | - Tan’lawlar sanı | | | | | |
| | Stimul | | | | | |

Topardag’ı emotsionallıq birleskenlik ko’rsetkishi $S = NV / \{ N (N - 1) \}$:

Bunda S - topardag’ı emotsionallıq birlesiwshiligi:

NV – topardın’ o’z ara tan’lawlar sanı:

N - topar qatnasıwshıları sanı, N (N - 1)-topardag’ı o’z-ara tan’lawlardın’ ulıwma mu’mkin bolg’an sanı:

Emotsional birleskenliktin’ en’ joqarı ko’rsetkishi 1 ballg’a ten’.

## II. 3. «Klassifikatsiyalar» metodikası

Oylaw-quramalı du’ziliske iye psixikalıq fenomen bolıp esaplanatug’ın a’hmiyetli psixikalıq protsesslerden biri, onın’ xızmeti basqa kognitiv (do’retiwshilik) protsessler menen, sonday-aq jeke o’zgesheliklerinin’ pu’tkil ko’rinisi menen anıqlanadı. Ol pedagogikalıq a’meliyattı belgili bir oqıw materialı menen informatsiyalarg’a iye bolıwshılıqtı, intellektti, aqılıy ko’nlikpelerdi payda etedi.

Biz balanın’ klassifikatsiyalıq oylawın anıqlawg’a bag’darlang’an ha’r bir metodikanı usına otırıp, tek en’ za’ru’rli teoriyalıq informatsiyalardı g’ana keltirdik. Jaqsı qa’nige bolıwg’a talpınatug’ın psixolog za’ru’rli a’debiyattı ba’rqulla usınıs etilgen a’debiyatlar diziminen taba aladı.

Bala du’nya tanımının’ rawajlanıw da’rejesi tutas halında intellekt penen, oylaw menen baylanıslı, al basqa psixikalıq protsessler: yad, dıqqat, qabıllaw-ja’rdemshi rol oynaydı degen pikirler uzaq waqıtlar saqlanıp kelindi. Psixologlardın’ son’g’ı izertlewleri boyınsha, bul psixikalıq protsesslerden ha’r biri tek pikirlewdi tolıqtırıp g’ana qoymastan, al o’zinin’ jeke, ha’tte bazı bir jag’daylarda qa’liplesiw basqıshları ha’m kontekstin de anıqlawshı a’hmiyetke iye (A.A.Venger, L.S.Vıgotskiy, P.Ya.Galperin, V.V.Davıdov, A.Z.Zak, A.M. Prixojan, N.N.Tolstıx). Seziw, qabıl etiw, dıqqat, yad sıyaqlı psixikalıq protsesslerdin’ qa’liplesiwi, bunnan basqa, differentsiyatsialı pisip jetilisiw, turaqlılıq, epshillik - balanın’ tanım xızmetin ta’miyinleytug’ın usı kognitivlik (do’retiwshilik) protsesslerinin’ sıpatlamaları mektepke shekemgi jastag’ı balanın’ tanım iskerliginin’ rawajlanıwının’ fundamenti bolıp tabıladı.

Balanın’ pikirlew protsesslerin izertlewdin’ diagnostikalıq ilajların baslawdan aldın balanın’ tanım xızmetinde, atap aytqanda, ne na’rsenin’ ereseklerdi (pedagog, ata-ana, ta’rbiyashı) tınıshsızlandıratug’ının tu’sinip alıw za’ru’r.

Ga’p sonda, ereseklerdin’ tınıshsızlanıwı psixologqa xabarlasıw ushın tek tu’rtki boladı, biraq diagnostika predmetin anıqlaw ushın jetkilikli emes.

Ma'selen,  ata-ana o'zinin' 5 jasar balasının' «yadı jaman» ekenligin aytıp shag'ım etiwi mu'mkin.

Psixolog mektepke  shekemgi jasta yadtın' tiykarg'ı sıpatlaması emotsiyallıq ha'm ta'sirli bolatug'ının tu'sinedi.

Eger material balag'a jas o'zgesheligin esapqa almastan eslep qalıw ushın usınıs etilgen bolsa, onda a'lbette, bala bul materialdı  qaytalap aytıp bere almaydı. Eresekler balanın' «yadı jaman» degen juwmaqqa keledi. Psixolog diagnostikanı o'tkere otırıp, ata-ananı qızıqtırg'an mashqalag'a sawatlı tu'sinik beriwi mu'mkin ha'm tiyis. Sol na'rse anıq, usı mısalda bala menen «jumıs islew» kerek emes, al ba'rinen burın, olardın' balalarının'  jas ha'm jeke imkaniyatları haqqındag'ı za'ru'rli informatsiyanı ata-anasına jetkerip beriwi kerek.

Solay etip, diagnostikalıq aldınnan belgili protsess pikirlew xızmetinin' qanday sıpatların, aspektlerin yaki komponentlerin izertlew kerek degen sorawg'a juwap beriw za'ru'rliginen kelip shıg'adı. Psixolog ushın bunnan keyin qanday metodikadan paydalang'an maqul boladı degen soraw tuwıladı.

Diagnostikalıq metodlar eki toparg'a bo'linedi: birewi balanın' pikirlew xızmeti na'tiyjelerin izertlewge, ekinshisi pikirlew protsesinin' o'zin, pikirlew operatsiyalarının' qa'liplesiw dinamikasın u'yreniwge qaratılg'an. Bala oqıw materialın  o'zlestiriw barısında belgili bir qıyınshılıqlarg'a dus kelgende, ma'selen, materialdı  tu'sine almasa yaki ta'rbiyashının'  sorawına juwap bere almasa, onda psixologiyalıq jetekshilikti talap etetug'ın ereseklerde ekileniw payda boladı. Olardın' man'ızı balanın' tanım iskerliginde qıyınshılıqlardın' payda bolıwı itimal bolg'an barlıq sebeplerin (psixologiyalıq, pedagogikalıq, sonın'  ishinde didaktikalıq) anıqlaw ha'm u'yreniwden ibarat.

Balalardın' u'lgermewshiliginin' sebepleri, bala baqshadag'ı, son'ıraq mekteplerdegi sabaqlarda, tek intellektuallıq nuqsanlarda g'ana jasırınbag'an, al geypara individuallıq o'zgesheliklerinde – ta'sirshen'ligi, tapsırmadag'ı bag'dardın' bolmawı, itibarın ja'mley almawı, o'z is-ha'reketin sho'lkemlestire almawı, ta'shiwishleniwshiligi, o'zine isenbewshiligi ha'm basqa da emotsiyalıq

ha’m shaxslar aralıq  sferalarda bolıwı mu’mkin bolg’an nuqsanlarda jasırıng’an boladı. Pikirlew xızmeti menen tikkeley baylanıslı bolmag’an bul sıpatlamalar, tek oqıw iskerliginin’ rawajlanıwın g’ana emes, al tutas halında balanın’ psixikalıq rawajlanıwının’ ulıwma bag’darın da  irkip qoyatug’ın sebeplerge iye.

Tanım xızmetin izertlewde, qa’dege muwapıq, da’slep balanın’ pikirlew xızmetinin’ o’nimliligi ha’m na’tiyjeliligi, anıq intellektual rawajlanıwı da’rejesi testleri, son’ınan balanın’ pikirlew xızmeti protsesin analizlew imkanın beretug’ın qa’telerdin’ kelip shıg’ıw sebeplerin anıqlaw ushın testler usınıs etiledi.

Testler pikirlew xızmetinin’ ha’r qıylı ta’replerin (usı xızmet protsesi o’nimin) diagnostikalawg’a da, pikirlewdin’ ha’r qıylı tu’rlerin izertlewge de bag’darlang’an boladı. Ga’p sonda, pikirlew predmetler arasındag’ı baylanıslar ha’m qatnaslardag’ı bag’dardı belgileydi. Bul bag’dar predmetler menen bolatug’ın tikkeley ha’reketler menen, olardı ko’riw arqalı u’yreniw yaki so’z arqalı ta’riplew menen baylanıslı bolıwı mu’mkin, usılayınsha, pikirlewdin’ tu’ri anıqlanadı.

*Psixologiyada pikirlewdin’ tiykarg’ı to’rt tu’ri belgili:*

- ko’rgizbeli -ha’reketli (2,5-3 jasta qa’liplesedi ha’m 4-5 jasqa shekem jetekshi boladı);

- ko’rgizbeli-obrazlı (3,5-4 ten – 6-6,5 jasqa shekem  jetekshi);

- ko’rgizbeli ha’m sxemalıq (5- 5,5 jastan 6-7 jasqa shekem jetekshi);

- so’zlik – logikalıq (5,5-6 jasta qa’liplesedi, 7-8 jastan baslap jetekshi bolıp baslaydı ha’m  ko’pshilik eresek adamlarda pikirlewdin’ tiykarg’ı  forması bolıp keledi).

Usı jerde mınanı na’zerde tutıw kerek, pikirlewdin’ jetekshi formasının’ jas shegarası jekelik ramkalarg’a iye bolıwı mu’mkin. Bunnan basqa, balanın’ psixikalıq rawajlanıwının’ dinamikalıq, tezlik parametlerine baha, erjetiw mu’ddeti, jaqın waqıttag’ı rawajlanıw o’zgeshelikleri jeke  rawajlanıw «nızamları» na bag’ınıwınan kelip shıg’adı. Bunı ulıwma ta’n alıng’an psixologiyalıq erjetkenlik rejesi ko’z-qarasınan sawatlılıq dep bolmaydı.

Eger obrazlı oylaw ulıwmalastırıwda yaki predmetler klassifikatsiyasında balalarg'a, olardın' tek elewli g'ana emes, al ekinshi da'rejeli sıpatlarına tayanısh imkanın beretug'ın bolsa, ol a'piwayı pikirlew jag'daylardın' tiykarg'ı imkanın beredi, bular tiykarında ulıwmalastırıwda olardın' klassifikatsiyası o'tkeriledi. Solay etip, obrazlı oylaw funktsiyası u'yreniletug'ın predmettin' elewli ha'm ekinshi da'rejeli sıpatların biliwdi, al ha'reketin orınlaw, ajıratıp alıwdı ta'miyinleydi, sxemalı pikirlew funktsiyası jag'daylar parametlerin ajıratıp ko'rsetiwden ibarat boladı. Bul eki funktsiya da, qa'liplesiwi qa'legen tiptegi wazıypalardı sheshiw ushın za'ru'rli dep esaplang'an ulıwmalastırıw protsesinin' bolıwın ta'miyinleydi. Bunday imkaniyat predmetlik-manipulyativlik ha'reket basqıshında P.Ya.Galperinnin' aqılıy ha'reketlerinin' basqıshlı qa'liplesiw teoriyasına muwapıq balalarda tek sonday jag'dayda g'ana a'melde boladı, eger predmetler sırtqı ko'riniste, sxema yaki modeller tu'rinde bolsa, bul balalarg'a baslı belgilerin, ekinshi da'rejelilerin ajıratıp alıwına ja'rdem beredi.

Eger balalar predmet yaki jag'daydın' ta'riypine tiykarlanıp tu'sinikti keltirip shıg'aratug'ın bolsa, eger de pikirlew protsesi ishki planda bolıp o'tetug'ın bolsa ha'm balalar ha'tte sırtqı sxemasına tayanbastan-aq predmetlerdi durıs sistemalastıratug'ın bolsa, onda so'z so'ylew-logikalıq pikirlewdin' ju'zege keliwi haqqında bolıwı mu'mkin.

Pikirlewdin' barlıq tu'rleri u'lken mektepke shekemgi u'lken jastag'ı balalarda anaw yaki mınaw da'rejede rawajlang'an boladı, bular o'z gezeginde, olardın' diagnostikasın a'dewir qıyınlastırıp jiberedi. Bul da'wirde obrazlı ha'm sxemalı oylaw a'hmiyetli rol oynaydı, sonın' ushın olardı birinshi gezekte izertlew kerek.

*So'zlik* - logikalıq pikirlewge de en' bolmag'anda bir test o'tkeriw kerek, sebebi, pikirlew xızmeti protsesi qanshelli interporizatsiyalang'anın (yag'nıy ishki plang'a o'tkenligin) biliw a'hmiyetli. İtimal, pikirlew xızmeti sırtqı plannan (obrazlı ha'm sxematikalıq oylaw) ishki plang'a (so'zlik – logikalıq pikirlew) o'tiw barısında balada qa'telikler kelip shıg'ıwı mu'mkin. «O'tiw»

haqqında so’z bolg’anda, balanın’ basıp o’tetug’ın belgili bir «aralıq» na’zerde tutıladı, biraq bul protsess «balanın’ basının’ ishin» de bolıp o’tedi. Pikirlew protsesslerinin’ rawajlanıwın pedagogikalıq-psixologiyalıq u’yreniwdin’ wazıypası – obrazlıdan so’ylew - logikalıq pikirlewge «o’tiw» din’ bala qaysı basqıshında turg’anlıg’ın anıqlawdan ibarat boladı. Biz diagnostika na’tiyjeleri tiykarında balanı ka’siplik qollap-quwatlay alıwımız mu’mkin boladı.

Sonday-aq, predmetlik–manipulyativlik ha’reketlerdin’ pikirlewdin’ teoriyalıq formalarına basqıshpa-basqısh o’tiwin ha’m qa’liplesiwinin’ jas ha’m jeke o’zgesheliklerin esapqa alıw za’ru’r. Bul protsesstin’ «bala basının’ ishinde» qalayınsha a’melge asatug’ının anıq ha’m tolıq tu’sinip alıw ushın biz bunnan bılay usı oqıw qollanbanın’ tekstinde «Klassifikatsiyalar» metodikasınan mısal keltiremiz.

*Metodikanın’ sıpatlaması*

5-7 jastag’ı balalardın’ so’zlik - logikalıq pikirlewin u’yreniw ushın «Klassifikatsiyalar» metodikası qollanıladı.

Stimullı material «Klassifikatsiyalar» metodikasının’ eki variantı menen berilgen.

Birinshi variant 25 kartochka menen berilgen ha’m bes topardan turadı, ha’r bir toparında 5 kartochkadan bar.

Birinshi topar - sharikler

Ekinshi topar - kiyim

U’shinshi topar - miyweler

To’rtinshi topar - ovoshlar

Besinshi topar - mektep buyımları

To’mendegiler ha’r bir topar ushın ulıwma sıpatlamalar bolıp esaplanadı:

- Ha’r bir topar birden beske shekemgi predmetler sanı menen o’zgeshelenetug’ın 5 kartochka menen beriledi:

Ma’selen, ekinshi topardı birlestiretug’ın ulıwmalastırıwshı so’z - kiyim.

1-kartochka – bir predmet - shapka

2-kartochka – eki predmet - shapka ha’m sharf

3-kartochka – u’sh predmet - shapka, sharf, kofta

4-kartochka – to’rt predmet - shapka, sharf, kofta, qolg’ap.

5-kartochka – bes predmet - shapka, sharf, kofta, qolg’ap, shalbar.

Predmetlerdin’ sanı kartochkalarda bala sog’an tiykarlanıp sheshim qabıl etetug’ın sırtqı belgi sıpatında qarastırıladı, al ol predmetlerdin’ tu’rleri boyınsha emes, predmetlerdin’ sanı boyınsha barlıq kartochkalardı klassifikatsiyalaydı.

Ha’r bir topar ulıwma ren’lik fon, kartochkalardın’ ulıwma ramkası menen berilgen, bul da bala ta’repinen klassifikatsiya variantların ajıratıw ushın tiykar bolıwı mu’mkin. Klassifikatsiyalawdın’ bul variantı sonday-aq sırtqı belgige de tiykarlang’an.

«Klassifikatsiyalar» metodikasının’ ekinshi variantı 16 kartochkada berilgen ha’m to’rt topardan turadı, ha’r bir toparda 4 kartochkadan bar.

Birinshi topar – ag’ash:

1-kartochka – terek, 2-kartochka – bo’dene, 3-kartochka – stul, 4-kartochka – ag’ash kubikler. Terek o’resinen bo’rene alınadı, bo’reneden stuller ha’m balalardın’ ag’ash oyınshıqları sog’ıladı.

Ekinshi topar – biyday masag’ı: 2- kartochka - ıdıslı un: 3-kartochka - nan batonı:

4-kartochka-gamburger. Biyday un islenip, onnan nan ha’m gamburger ushın bulochka tayarlanadı.

U’shinshi topar – tawıq ha’m ma’yek o’nimleri:

1-kartochka – tawıq; 2-kartochka – ma’yek, 3- kartochka – quwırılg’an ma’yek; 4- kartochka –tort. Tawıq ma’yek tuwadı, onnan quwırılg’an ma’yek ha’m tort tayarlanadı.

To’rtinshi topar – qoy ha’m qoy ju’ninen tayarlang’an o’nimler.

1-kartochka – qoy: 2-kartochka - kelep jip ha’m ju’nnen iyirilgen sabaq; 3-kartochka- ju’n sviter: 4- kartochka – ju’n qolg’ap.

Qoydan ju’n qırqıp alınadı, ju’nnen jip islenedi, al onnan ha’r tu’rli ju’n kiyimlerdi tayarlaw ushın paydalanadı.

Besinshi topar – sıyır ha’m su’t o’nimleri 1- kartochka – sıyır, 2- kartochka- paket ha’m bir stakan stakan su’t; 3-kartochka - irimshik; 4-kartochka – muzqaymaq. Sıyırdan su’t alınadı, ol ishiledi, sonday-aq irimshik tayarlaydı ha’m muzqaymaq tayarlaw ushın paydalanadı.

«Klassifikatsiyalar» metodikasının’ ekinshi variantının’ birinshi varianttan o’zgesheligi, onda ulıwma bir so’z benen birlestiriletug’ın predmetler toparı emes, al bala usıg’an tiykarlanıp ko’rsetiwi kerek bolg’an baylanısqa iye predmetler berilgen, bala usı tiykarda kartochkalardı klassifikatsiyalawı kerek.

Birinshi varianttag’ıday, kartochkalarda arnawlı «Sırtqı» belgiler berilgen. Sebebi, bala olarg’a so’zlik-logikalıq pikirlewdin’ qa’liplesiw da’rejesi teoriyalıq formag’a «shıg’ıp ketpegen» halda su’yeniwine imkaniyat alıwı ushın da solay islengen. Bul «sırtqı» belgiler bolıp tabıladı: birinshi toparda - bir stakan su’t: ekinshi toparda – japıraq: u’shinshi toparda - ma’yek, to’rtinshi toparda – sabaq tu’tesi.

Klassifikatorlar metodikası ekinshi variantta da birinshi varianttag’ı sıyaqlı sırtqı belginin’ sanlı ko’rsetkishlerinen paydalanıladı.

*Metodikada arnawlı tu’rde sho’lkemlestirilgen sırtqı tayanıshlardı atap o’tiw kerek:*

- ha’r bir topar ulıwmalıq bir ren’ fonı, kartochkalardın’ ulıwma ramkası menen beriledi, bul da balanın’ klassifikatsiyalar variantların ajıratıw ushın tiykar bolıwı mu’mkin. Klassifikatsiyalawdın’ bul variantı da sırtqı belgige tiykarlang’an boladı;

- to’rt kartochkadan turatug’ın ha’r bir topar, to’mengi jag’ında ha’r bir topar ushın birdey bolg’an kartinkalarg’a, kishkene qosımsha su’wretlerge iye boladı. Bul qosımsha su’wretlerdin’ sanı baylanıs logikasına sa’ykes keledi.

Ma’selen, sıyır su’wretlengen kartochkada - su’ti bar kishkene bir stakan, su’ttin’ su’wreti salıng’an kartochkada: eki kishkene stakanda su’t. İrimshik, sır su’wretlengen kartochkalar sa’ykes tu’rde to’mendegi jag’ında su’ti bar u’sh ha’m to’rt stakang’a iye boladı.

*İzertlewdi o’tkeriw usılı*

*Ko'rsetpe:* Aldın'da jatırg'an barlıq kartinalarg'a dıqqat penen qara. Olardın' arasında bir-birine uqsasları bar. Usı uqsas kartinkalardı tap ha'm olardı bir bo'lek qoy. Solay etip, ha'r bir toparda bir-birine uqsag'an kartinkalar jıynaladı.

*Testti o'tkeriw:* Balag'a kartinkanı bere otırıp, siz onın' is-ha'reketin u'nsiz baqlaysız. Balag'a kartinkalardı qarap shıg'ıw imkanın berin'. Ol kartinkalardı o'zinshe, o'zi bilgen kriteriya boyınsha klassifikatsiyalawı mu'mkin. Tapsırmanı orınlap bolg'annan son' onnan ne ushın kartinkalardı usılayınsha toparlarg'a bo'lgenin ha'm ha'r bir toparg'a qanday atama bermekshi ekenligin soran'. Eger bala o'zinin' sheshimine tiykarlang'an bolsa, onda onın' menen birge talqılan'.

Eger bala qa'telesse, azıraq su'yep jiberin'. Usılayınsha siz balanın' imkaniyatları da'rejesin anıqlaysız. Tapsırmanı balanın' ornına orınlawg'a asıqpan', ja'ne og'an tapsırmanın' qalayınsha orınlanatug'ının aytıwshı bolman'. Azıraq jol-joba bere otırıp, balanın' o'zinin' durıs sheshim qabıllawına imkan berin'.

Bunda en' a'hmiyetlisi, balada shetlew ha'm o'zine isenimsizlik sezimin keltirip shıg'armaw kerek. Sonlıqtan sizin' qatnasın'ız shıg'ıng'anlıq yamasa «oqıtıwshılıq» ko'z-qarasınan bolmawı tiyis. Bul metodika tek diagnostikalıq g'ana emes, al u'lken korrektsiyalıq mu'mkinshiliklerge de iye. Tek orınlaw barısın g'ana emes, al kartinkalar mazmunın da talqılay otırıp, usı imkaniyatlardı a'melge asırıw mu'mkin. Kartinkalardın' mazmunın talqılaw balanın' xabardarlıq da'rejesin ha'm onın' so'ylewinin' rawajlanıw o'zgesheliklerin anıqlaw imkaniyatın beredi.

*Na'tiyjeler analizi.* Bul test balalardın' ko'rgizbeli-obrazlı tu'rden so'zlik-logikalıq pikirlew tu'rine o'tiw protsesinin' o'zgesheliklerin anıqlaydı.

Mine, sonın' ushın da, balalardın' berilgen klassifikatsiyalar printsipin o'z betinshe qa'liplestiriwi og'ada a'hmiyetli. Tapsırmanı orınlaw normada 10-15 minuttan zıyat waqıttı almawına qaramastan orınlaw waqtı a'melde sheklenbeydi. Dıqqat waqıt ko'rsetkishlerine emes, al jumıstın' sıpatına ha'm tapsırmanın' bala ta'repinen orınlanıw o'zgesheligine qaratıladı, al test

sharayatlarında bala tapsırmanı orınlay almay atırg'an bolsa, bunı qa'teler sıpatında dep klassifikatsiyalawg'a asıqpan'. Olardan ko'pshiligi tapsırmanı tu'sinbewi, tezirek orınlap bolıw tilegi menen, tarqatpa material menen predmetlik manipulyatsiyalıq ha'reketlerdi aldın ala biliwge qushtarlıg'ı menen baylanıslı. Sonın' ushın da balag'a usı basqıshtı o'tiw imkaniyatın beriw kerek, son'ınan tapsırma ma'nisinin' neden ibarat ekenligin ja'ne bir ma'rte tu'sindire otırıp, og'an qaytalap orınlawdı usınıw kerek. Eger de bala tapsırmanı ja'ne orınlay almasa, onda siz og'an jol-joba beriwin'izge boladı. Qa'dege muwapıq: «Sen ne ushın almanın' su'wretin bul toparg'a qosıp atırsan'?» dep balalardan soraw kerek. Balanın' juwabın ku'te turıw kerek. Nadurıs juwap berilgen jag'dayda, ulıwmalastırıwshı so'zdi tabıw ushın qosımsha sorawlar beriw tiyis. Eger siz, balanın' palız eginleri yaki miywelerdin' ne ekenliginen xabardar emesligine ko'zin'iz jetse, onda so'zlik-logikalıq pikirlew qa'liplespegen dep juwmaq shıg'arıwg'a bolmaydı. Bilimlendiriw logikası balalardı oqıw materialınan xabardar etiwge, al onnan son' sol material u'stinde jumıs isleydi. Tiyisli xabardarlıqtan keyin diagnostikanı dawam etiw mu'mkin: balag'a kartochkalardın' basqa bir jıynag'ı beriledi, bul jag'dayda da, ha'tte ol qa'teliklerge jol qoyg'anda da, jumıs u'ziliske tu'sirilmeydi.

Eger bala psixologtın' tu'sindiriwlerinen keyin de tapsırmanı orınlay almag'an jag'dayda so'zlik-logikalıq pikirlewdin' buzılg'anlıg'ı haqqında aytıw mu'mkin. Bul juwmaqtı tastıyıqlaw ushın balag'a biraz waqıttan keyin (bir ha'pte, bunnan da zıyat) klassifikatsiyanın' basqa variantın usınıw mu'mkin.

Tapsırma orınlap bolıng'annan keyingi bala menen bolg'an gu'rrin'lesiw, onın' ulıwma xabardarlıq da'rejesi, so'ylew ko'nlikpesinin rawajlanıwı, predmetler arasındag'ı sebepli-izertlewler baylanısların ajıratıw imkaniyatları haqqında informatsiyalar alıwg'a mu'mkinshilik beredi.

Solay etip, psixolog ta'repinen do'retiwshilik ha'm iskerlik penen qollanılg'an klassifikatsiya metodı tek diagnostikalıq g'ana emes, al du'zetiw ma'selelerin de sheshiw imkanın beredi.

Klassifikatsiyalıq pikirlewdin’ rawajlanıwı empiristikalıq ulıwmalastırıw dep atalatug’ınlıg’ı haqqında bir qatar avtorlar juwmaq shıg’arg’an (A.N.Prixojan, N.N.Tolstıx, A.Z.Zak ha’m t.b.)da, olardın’ tezislerin eslep o’tiw orınlı.

Pikirlewdin’ bunday tu’ri, qa’dedegidey, mektepte mug’allimler ta’repinen islep shıg’ıladı, biraq, tilekke qarsı, ol arnawlı psixologiyalıq izertlewlerdin’ ko’rsetkenindey, do’retiwshilik uqıplılıqlardı rawajlandırıw ushın utımlı bola almaydı. Solay etip, «pikirlewdin’ klassifikatsiyalıq tu’rinin’» qa’liplesiwi oylaw operatsiyalarının’ bunnan bılay da rawajlanıwı ushın fundament bolıp tabıladı. Biraq hesh qashan intellektuallıq potentsialdın’ ha’m do’retiwshiliktin’ rawajlanıwı ushın jetkilikli bola almaydı.

Biz «Klassifikatsiyalar» metodikasının’ o’zine ta’nligin esapqa alıp, psixolog ta’repinen izertlewdi o’tkeriw sa’nesi ha’m waqtı, mu’ra’ja’t etiwdin’ sebebi, al son’ınan barlıq replikalar, balanın’ minez-qulqındag’ı reaktsiyalar ha’m keypiyatı belgilep barılatug’ın bir bet qag’azdı protokol sıpatında paydalanıwdı usınıs etemiz. Qıyınshılıqlar ha’m balanın’ psixologqa bergen sorawları, metodika boyınsha alıp barılg’an jumıs barısında erisilgen tabısları emotsionallıq reaktsiyaları da tap usı taqılette belgilep qoyıladı.

Solay etip, klassifikatsiyalar metodikası boyınsha na’tiyjelerdin’ analizi qurı sanda emes, sapada boladı. Analiz boyınsha juwmaq to’mendegishe formulirovkada bolıwı mu’mkin: ko’rgizbeli – obrazlı pikirlewdegi sıyaqlı, so’zlik-logikalıq pikirlewdin’ de tu’sindiriwler ha’m argumentleri menen qa’liplesiw da’rejesi to’men, ortasha joqarı bolıp tabıladı.

# J U W M A Q L A W

Joqarıda keltirilgen mag'lumatlarımızdı juwmaqlastırıp aytqanımızda, mektepke shekemgi jastag'ı balalar arasında mektepke barg'annan keyin doslıq, o'z-ara mu'na'sibetler ha'm qarama-qarsılıqlar ju'zege keledi ha'm bir-biri menen qatnasta qıynalatug'ın balalar anıqlanadı. Bul jastag'ı balalardın' jas o'zgesheligine baylanıslı o'z qatarlarına bolg'an mu'na'sibeti de o'zgerip baradı, ol tek is-ha'reket sıpatı menen g'ana emes, al jeke, ba'rinen burın, a'dep-ikramlılıq mu'na'sibetleri menen bahalanadı. Bul balalarda a'dep-ikramlılıq normaları haqqındag'ı ko'z aldında sa'wlelendiriwdin' rawajlanıwı, basqalar menen qarım-qatnasqa kirisiw, ozinin' jan'a statusının' sıpatları mazmunın tu'sinip alıwının' teren'lesiwi menen baylanıslı boladı.

Til tabısıw mazmunı, onın' motivleri, mektepte oqıwg'a degen psixologiyalıq tayarlıq komponentlerinen biri kommunikativlik uqıp ha'm ko'nlikpeleri qa'liplesedi. Bala u'lkenlerge tan'lap qatnas jasaydı, olar menen bolatug'ın o'z mu'na'sibetlerin a'ste-aqırın an'lay baslaydı ha'm mınaday sorawlar tuwıladı: Olar og'an qanday mu'na'sibette boladı? Onnan neni ku'tedi? Ol olarg'a qalay qaraydı? ha'm olardan neni ku'tedi? O'z qatarına degen qızıg'ıwshılıg'ı ereseklerge degen qızıg'ıwshılıqqa qarag'anda biraz keyinirek payda boladı. Balanın' o'z qatarları menen qarım-qatnasta bolıwı ha'r qıylı halatlarda qa'liplesedi. İs-ha'reket sıpatı ha'm balanın' onı orınlawg'a bolg'an uqıbının' da'lme-da'lligi onın' basqa balalar menen bolatug'ın qarım-qatnaslarına ta'sir etedi.

Qarım-qatnasta bolıw degende ulıwma na'tiyje ushın ku'sh salıwların u'ylestiriw ha'm birlestiriwge bag'darlang'an adamlardın' o'z-ara ta'sir ko'rsetiwleri tu'siniledi (M.İ.Lisina). Qarım-qatnasta bolıw bala o'mirinin' da'slepki ku'nlerinen baslap-aq psixikalıq rawajlanıwının' a'hmiyeti faktorlarının' birine aylanadı.

Usılardı esapqa ala otırıp, ta'rbiyashı-pedagoglarg'a ulıwma usınıslarberip o'temiz:

1. Siz balag’a usınbaqshı bolg’an birinshi tapsırma ju’da’ qızıqlı ha’m onı orınlaw ushın ılayıq  bolıwı kerek.

2. Test qanaatlandırarsız da’rejede orınlang’anda da, balanı marapatlaw ha’m quwatlaw za’ru’r.

3. Eger bala o’zinin’ minez-qulqındag’ı yaki qarım-qatnastag’ı bolatug’ın qıyınshılıqlardın’ aldın alıw maqsetinde ata-analar menen sa’wbetlesip, qayta ushırasıw barısında izertlew strategiyasın islep shıg’ıw za’ru’r.

Eger qaytalap o’tkerilgen ushırasıw da ku’tilgen na’tiyjeni bermese, onda psixoterapevtikalıq jumıs o’tkeriw haqqındag’ı ma’seleni sheshiw za’ru’r, sonın’ na’tiyjesinde diagnostikalıq sınaqta balanın’ o’zin uslap tutıwındag’ı sebeplerdi anıqlaw mu’mkin boladı.

4.  4-6 jastag’ı balalardı psixologiyalıq izertlew 30 minuttan artıqqa sozılmawı tiyis.

5. Eger birinshi ushırasıwda jeterli diagnostikalıq na’tiyjege erisilmegen bolsa, qayta sınap ko’riwdi belgilew kerek.

6. Psixologiyalıq izertlew balanın’ psixolog penen bolg’an qızıqlı ha’m unamlı mu’na’sibetin seziniwi ushın barqulla jaqsı saubetler meneg juwmaqlanıwı kerek.

Mektepke shekemgi jastag’ı bala tek ayırım tapsırmalardı jaqsı orınlag’anı ushın g’ana emes, al o’zin durıs tutıp jaqsı qatnasta bolg’anı ushın maparatlawlarg’a mu’ta’j. «Eger shug’ıllanıw ju’da’ sa’tli juwmaqlanbasa da, bizlerdin’ shug’ıllang’anımız, mag’an ju’da’ unadı! Sen barlıq tapsırmalardı orınlay alıwın’ da mu’mkin edi» dep aytqan maqul, sebebi mektepke shekemgi jas balalarg’a haqıyqıy na’tiyjelerge qarag’anda o’zleri tapsırmanı orınlawg’a jumsag’an  ku’sh salıwların anag’urlım da’rejede a’hmiyetlirek ha’m olardı o’zlerinin’ minez-qulqına tiyisli bahası da qızıqtıradı. Usı  ma’writ psixologlar menen bolatug’ın itimallı kelesi ushırasıwlarg’a unamlı qatnastı ta’miyinleydi.

7. İzertlew na’tiyjeleri balanın’ ata-anaları yaki qa’wenderleri menen, sonday-aq, balalar baqshalarının’ ha’m basqa da mektepke shekemgi ma’kemelerdin’ ta’rbiyashıları menen talqılanıwı mu’mkin.

Psixolog 4-6 jastag'ı menen jaqınnan tanısıw niyetinin' barlıg'ın bildirip, og'an qızıqlı su'wretler menen oyınlardı ko'rsetiwi mu'mkin. Balag'a o'z simpatiyasın bildiriw ku'ta' a'hmiyetli: onın' sırtqı ko'rinisin maqtaw, za'ru'r bolsa izertlew barısında bala unatqan oyınshıg'ın janınan qaldırıwdı qa'lemese ha'm balanın' anasına qatnasıwına ruxsat etiw, og'an testti o'tkeriw ilajlarına aralaspawı haqqında eskertip, diagnostika maqseti – balag'a baha qoyıw emes, al onın' imkaniyatları da'rejesin anıqlaw ekenligin tu'sindiriw maqsetke muwapıq boladı.

Balag'a usınıs etiletug'ın birinshi tapsırma ju'da' qızıqlı ha'm orınlaw ushın qolaylı bolıwı kerek. Birinshi metodika bala ushın jen'il, qolaylı bolıwına itibar bergen halda usı ta'rizdegi «Qırqpa su'wretler», «To'rtinshisi artıqsha» nı usınıwg'a boladı. Bul metodikanı tutas halında beriw sha'rt emes.

Bir yaki bir neshe tapsırmalardı tan'lap alıp, olardın' orınlanıw da'rejesin bahalaw mu'mkin. Eger birinshi tapsırma bala ushın ha'dden tıs jen'il bolsa, onnan qa'weterleniwdin' qa'jeti joq. Psixolog tek durıs sheshim faktının' o'zin g'ana emes, al orınlawdın' sapalıq da'rejesin de, sonday-aq, balanın' jen'il tapsırmag'a bolg'an reaktsiyasın da bahalaydı. Mektepke shekemgi jastag'ı bala jen'il tapsırmanı da'rha'l orınlawdan son' ha'r dayım isenimli sezine baslaydı.

Geypara balalar: «Bul dım an'sat-g'o. Bunı ha'zir-aq islep taslayman» degenge usag'an so'zlerdi aytadı. Eger so'zi tapsırmanı orınlawdın' joqarı sapası menen sa'ykes keletug'ın bolsa, onda a'dewir qıyınıraq tapsırmanı usınıs etiwge boladı. Bunday usıl bala menen kontakttı tez ornatıwg'a ha'm za'ru'rli diagnostikalıq materialdı alıwg'a, ma'selen, balanın' sharayattı tu'siniw da'rejesin, sebep-aqıbet mu'na'sibetlerin, du'zilgen gu'rrin' sapasın ha'm t.b. bahalawg'a mu'mkinshilik jaratadı. Psixolog qızıqtıratug'ın sorawlardı balada qosımsha bas qasıwlardı keltirip shıg'armastay etip beriwi kerek.

İzertlewdin' baslanıwı: sa'wbet yaki test?

Da'stu'riy-psixologiyalıq izertlew bala menen sa'wbetten baslanadı. Mektepke shekemgi jastag'ı bala menen sa'wbet onın' izertlew baslag'ang'a shekem sharshap yaki zerigip qalmawı ushın qısqa bolıwı kerek. Sol sebepli, onı

izertlew barısında metodikalıq materialdı usıng'an halda o'tkergen maqul boladı. Sa'wbettin' negizgi maqseti balanın' pikirlew da'rejesi ha'm onın' shaxsının' o'zgeshelikleri haqqında ulıwma ta'sirlerdi ja'mlewden ibarat.

## *Paydalanılg’an a’debiyatlar:*

1.Karimov.İ.A. Bizning bosh maqsadimiz jamiyatni demokratiyalashtirish va yangilash mamlakatni modernizatsiya va islox etishdir. T. 2005y.

2. Karimov.İ.A. Yangilanish va uzgarishlar jaraeni ortga qaytmaydi. Xalq swzi. 2002y. 5-aprel.

3. Karimov.İ.A. Barkamol avlod orzusi. T-1997y.

4. Sh.Sodiqova.  Maktabgacha tarbiya pedagogikasi. T.2010y.

5. Sh.Shodmonova. Maktabgacha talim pedagogikasi. T.2008y.

6. R.İ.Sunnatova. K.D.Tleumbetova. Psixolog sandıqshası. N.2011j.

7. U’zliksiz bilimlendiriw barısında ruwxıylıq ha’m ag’artıwshılıq ma’seleleri. İlimiy konferentsiya materialları. No’kis. 2000j.

8. Bolalarni rivojlantirish va maktabga tayorlash tayanch dasturi. T.1999y.

9. Maktabgacha eshidagi bolalar gigienasi. Prof. M.N.İsmailov taxriri ostida.T.1994y.

10. Bola tarbiyasida bog’cha va oila xomkorligi. T. 1994y.

11. R.Mavlonova va boshq. Pedagogika. T-2000.

12. Ziyamuxamedova va boshq. Pedagogika. T-2001.

13. S.A.Kozlova. T.A.Kulikova. Doshkolnaya pedagogika.

14. A.Atoev. Farzandingiz barkomol bo’lsin.T-2000y.

15. A.P.Voskresenskaya. O gotovnosti detey k shkolnomu obucheniyu.

16. E.M.Razbaev. Podgotovka detey k obucheniyu gramote v shkole.

17. A.F.Soxin.Razvitie rechi detey doshkolnogo vozrasta.

18. Tipovıe metodicheskie rekomendatsii k prgoramme dlya podgotovitelnoy gruppı destkogo sada.(Obuchenie gramote).Alma-Ata. Mektep.1994g.

19. K.Abdullaeva. Savod urgatish. T.O’qituvchi,2000y.

20. S.A.Oxudjanova. Bolalarni maktab talimiga tayorlash haqida. T.1999y.

21. Bolalarni maktabga o’qishga tayyorlash. (İlmiy maqolalar twplami).T.UzPFİTİ,1997y.